

GUIA DE COBERTURA

de Cuidados de Saúde para Idosos

Este guia destina-se a idosos e pessoas de todas as idades que necessitam de serviços e apoios de cuidados de longo prazo.



Commonwealth of Massachusetts
Executive Office of Health and Human Services
MassHealth | Massachusetts Health Connector



Março | 2026

Ouvidoria de adaptações para pessoas com deficiência do MassHealth

O MassHealth possui uma ouvidoria para ajudar membros e requerentes com deficiências a obter as adaptações de que precisam. Este escritório também pode fornecer assistência pessoalmente para:

- » explicar os processos e requisitos do MassHealth; e
- » ajudar no preenchimento de formulários por telefone.

Pessoas surdas, com deficiência auditiva ou com deficiência de fala podem ligar pelo VRS ou TTY. Você pode sempre obter ajuda pessoalmente em um Centro de Inscrição do MassHealth (MEC).

MassHealth Disability Accommodation Ombudsman

100 Hancock Street, 1st floor
Quincy, MA 02171

Telefone: (617) 847-3468

TDD/TTY: 711

ADAaccommodations@state.ma.us

Atenção não-cidadãos dos EUA!

Informações importantes que você precisa saber sobre como requerer o MassHealth Limited e a Health Safety Net encontram-se na página 3.

Precisa de ajuda?

My Ombudsman

Se você precisar de ajuda para obter benefícios ou serviços do MassHealth ou do seu plano de saúde, ligue para My Ombudsman (Minha Ouvidoria). My Ombudsman é um programa independente do MassHealth e do seu plano de saúde.

O programa pode fazer o seguinte:

- » Fornecer informações sobre os benefícios e direitos do seu plano de saúde.
- » Ajudar a esclarecer suas preocupações.
- » Ajudar a explicar como apresentar uma reclamação ou uma apelação (uma revisão de uma decisão).

É possível obter mais informações sobre My Ombudsman por um dos seguintes meios.

- » Acesse o site www.myombudsman.org
- » Ligue para (855) 781-9898 ou faça uma videochamada (VP) pelo telefone (339) 224-6831.
- » Envie um e-mail para info@myombudsman.org

Acesse o site My Ombudsman ou entre em contato direto para obter informações atualizadas sobre localização e atendimento presencial sem hora marcada.

MyServices

MyServices é uma ferramenta online onde você pode acessar informações úteis, incluindo status de qualificação, status da inscrição e alertas sobre eventos importantes e ações que você precisa tomar. MyServices também possibilita que você revise online certos avisos do MassHealth e informações de registro de eleitores. Para obter mais informações, acesse myservices.mass.gov. Também é possível obter mais detalhes na Seção 9 deste folheto.

SA KI MAKE LA

ENTWODIKSYON2

Seksyon 1

Aplike pou MassHealth, kouvèti nan
Massachusetts Health Connector, oswa Health
Safety Net - pou moun aje k ap viv lakay ou
ansanm ak moun nan kèlkeswa laj ki bezwen
soutyen e sèvis swen alontèm pandan y ap viv
lakay yo5

Seksyon 2

Aplikasyon pou MassHealth - pou moun ki nan
oswa k ap tann pou yo antre nan yon etablisman
swen alontèm13

Seksyon 3

Règ spesyal sou elijiblite dapre revni nan
MassHealth Standard - pou moun ki gen 65 an
oswa plis ki bezwen sèvis swen pèsònèl pou viv
lakay li*18

Seksyon 4

Massachusetts Health Connector20

Seksyon 5

Health Safety Net23

Seksyon 6

MassHealth e lòt benefis25

Seksyon 7

Dwa ou genyen, responsablite w, ak lòt
enfòmasyon enpòtan ou dwe konnen sou
MassHealth30

Seksyon 8

Règ sou sitwayènte e imigrasyon36

Seksyon 9

My Services42

Seksyon 10

Ki kote pou jwenn èd43

ENTWODIKSYON

Gid pou moun aje sou kouvèti swen medikal: Yon gid pou moun aje e pou moun nan nenpòt ki laj ki bezwen soutyen e sèvis swen alontèm

MassHealth, Massachusetts Health Connector, e Health Safety Net founi yon anpil benefis medikal ak lòt sèvis. Pwogram sa yo gen otorizasyon lwa eta ak lwa federal.

Gid sila se pou rezidan Massachusetts ki

- gen 65 an oswa plis e k ap viv lakay;
- gen andikap e travay 40 è oswa plis pa mwa; oswa k ap travay aktyèlman e te travay pou omwen 240 è pandan sis mwa tousuit anvan mwa aplikasyon an te fèt;
- nan kèlkeswa laj e nan oswa ap tann pou ale nan yon etablisman ki founi swen alontèm;
- eljib nan sèten pwogram pou jwenn soutyen e sèvis swen alontèm pou rete lakay; oswa
- ap aplike pou plan Health Connector.

Gid sa a gendwa **pa** pou ou si w

- yon paran oswa gadyen ki fanmi yon timoun ki poko gen 19 an (gadyen ki fanmi se yon moun majè k ap viv ak e ki fanmi timoun ki poko gen 19 an, e ki responsab prensipal timoun lan poutèt okenn nan paran timoun lan nan kay la), oswa
- ap aplike pou sèten timoun imigran ki gen andikap e ki poko gen 19 an k ap viv nan yon mezon swen oswa nan lòt etablisman swen alontèm

Sonnen nou nan nimewo (800) 841-2900, TDD/TTY: 711 pou wè si yon lòt ti liv, ti liv pou manm, konvni w.

Yo kapab itilize aplikasyon MassHealth yo pou aplike pou Pwogram Asistans pou nitrisyon siplemantè (SNAP). SNAP se yon pwogram federal ki ede w achte bon jan manje chak mwa. Si w vle aplike pou SNAP tou mete yon tchèk nan ti bwat kote pou tcheke SNAP la e ki sou premye paj aplikasyon MassHealth la, li dwa ak responsablite yo epi siyen aplikasyon an. Ou pa bezwen aplike pou Pwogram SNAP la pou yo ka konsidere w pou MassHealth.

Sere gid sa a

Li gen enfòmasyon enpòtan ou gendwa vle konsilte apre w fin aplike pou MassHealth e pandan w yon manm MassHealth. Li bay enfòmasyon jeneral sou sa ki annapre la.

- Aplike pou MassHealth, plan Health Connector, oswa pou Health Safety Net si w yon moun aje k ap viv lakay ou.
- Aplike pou MassHealth si w nan osw w ap tann pou w ale nan yon etablisman swen alontèm oswa bezwen sèvis alontèm lakay ou.
- Règ admisibilite nan MassHealth, plan Health Connector, e Health Safety Net.
- Egzijans sou sa ki konsène verifikasyon idantite ak estati sitwayen/resòtisan ameriken (gade nan Seksyon 8 pou yon lis dokiman ki akseptab pou prèv idantite ak estati sitwayen/resòtisan ameriken).
- Enfòmasyon nan imigrasyon pou moun ki pa sitwayen ameriken (Gade nan Seksyon 8 pou enfòmasyon sou estati nan imigrasyon e elijibilite pou benefis).
- Tip kouvèti MassHealth e sèvis ak benefis ki disponib nan chak tip kouvèti.
- Kòman pou jwenn sèvis ak benefis MassHealth e kilè kouvèti a kòmanse.
- Kòman règ sou ranbousman pou aksidan e siksesyon afekte w antanke manm MassHealth.
- Privilèj imobilye, dwa ak responsablite ou yo, e kote pou w jwenn èd.

Gid sa a sèlman yon referans pratik e l pa bay enfòmasyon konplè sou règ elijibilite yo oswa benefis nan MassHealth, plan Health Connector, e Health Safety Net. Ou ka wè detay sa yo nan règleman MassHealth nan 130 CMR 515.000 jiska 522.000, 450.000, 610.000; règleman Health Safety Net nan 101 CMR 613.00, ak règleman federal yo pou pwogram Health Connector yo nan 45 CFR 155.305 jiska 155.430.

Enfòmasyon ki nan gid sa a se sou nòm revni ki an vigè le 1ye mas 2026; pou tou dènye enfòmasyon sou aktif e lòt nimewo MassHealth itilize pou l detèmine elijibilite, monte nan mass.gov/service-details/program-financial-guidelines-for-certain-masshealth-applicants-and-members.

Kisa sitwayen/resòtisan ameriken bezwen konnen lè y ap aplike pou MassHealth, Health Safety Net, oswa plan Health Connector yo

Verifikasyon estati ak idantite sou sitwayènte/resòtisan ameriken se yon bagay ki obligatwa pou tout sitwayen/resòtisan ameriken k ap aplike pou MassHealth ak plan Health Connector. Verifikasyon idantite obligatwa pou tout moun k ap fè aplikasyon pou Health Safety Net.

Tip prèv ki pi komen pou toude estati e idantifikasyon sitwayen ameriken oswa resòtisan ameriken se yon paspò ameriken, yon sètifika sitwayènte ameriken, yon sètifika natiralizasyon ameriken, oswa yon dokiman yon tribi endyen ameriken ki gouvènman federal la rekonèt emèt ki montre apatenans oubyen enskripsyon, oubyen afilyasyon, nan tribi. Sitwayen ameriken oswa resòtisan ameriken gendwa pwouve tou avèk yon sètifika nesans nan Etazini oubyen yon rapò nesans aletranje pou yon sitwayen ameriken. Ou ka pwouve idantite w tou avèk yon pèmi kondui eta a ba w ki genyen foto w sou li, yon kat didantite gouvènman an bay ki gen foto w sou li, oswa yon kat didantite militè ameriken an bay.

Nou ka pwouve idantite w atravè dosye nan rejis sèvis sikilasyon Massachusetts si w gen yon pèmi pou kondui nan Massachusetts oswa ou gen yon kat didantite Massachusetts. Yon fwa ou ban nou prèv estati sitwayènte/resòtisan ameriken w ak idantite w, ou pap bezwen ban nou prèv sa a ankò. Ou dwe ban nou prèv idantite pou tout moun ki abite lakay ou k ap aplike. Moun aje ak moun ki andikape yo k ap resevwa oswa ki ka resevwa Medicare oswa Revni Sekirite Sipleman, oswa moun ki andikape k ap resevwa Asirans Envalidite nan Sekirite Sosyal pa bezwen bay prèv estati sitwayènte/resòtisan ameriken yo oswa idantite yo. Yon timoun ki fèt epi manman l t ap resevwa MassHealth nan dat timoun lan fèt la pa bezwen bay prèv estati sitwayènte/resòtisan ameriken ak idantite. Gade nan Seksyon 8 pou plis enfòmasyon konsènan prèv sou estati ak idantite sou sitwayènte/resòtisan ameriken.

Pou èd pou ka jwenn tip prèv tankou yon dosye nesans Massachusetts oswa enfòmasyon sou fason pou jwenn dosye nesans nan yon lòt eta, tanpri rele nou nan nimewo (800) 841-2900, TDD/TTY: 711.

Kisa sitwayen ki pa ameriken bezwen konnen lè y ap aplike pou MassHealth, oswa plan Health Connector yo

Pou gen bon jan kalite swen medikal la, chak moun nan kòkay la k ap fè aplikasyon dwe bay prèv sou estati l nan imigrasyon pou wè li elijib.

Nou pral matche enfòmasyon avèk ajans federal ak leta yo pou nou ka pwouve estati imigrasyon. Si sous done elektwonik pa kapab pwouve enfòmasyon yon moun deklare, nou pral mande dokimantasyon siplemantè. Nou pral voye yon lèt pou demann enfòmasyon ki pral site tout fòm prèv obligatwa yo ansanm ak dat limit pou soumèt yo. Enfòmasyon sou estati nan imigrasyon make nan Seksyon 8, oswa ale nan sit entènèt MassHealth la nan mass.gov/masshealth.

Kisa sitwayen ki pa ameriken bezwen konnen lè y ap aplike pou MassHealth Limited e Health Safety Net

Moun ki pa sitwayen ameriken ki pa elijib pou yo gen yon nimewo sekirite sosyal (SSN) oswa ki pa gen dokiman sou estati imigrasyon pa yo a ka toujou kalifye pou MassHealth Limited ,oswa Health Safety Net. Sepandan, yo dwe founi sa ki make annapre la.

- Prèv sou revni
- Prèv didantite

Si w pa sitwayen ameriken, ou pa bezwen soumèt dokiman imigrasyon w yo avèk aplikasyon an si se sèlman pou pitit ou yo w ap aplike, men pa pou oumenm.

Si w pa gen souchèk oswa dosye taks, ou ka pwouve revni w nan lòt fason, tankou ban nou yon deklarasyon ki siyen anlwayè w fè ki gen revni brit (anvan taks ak dediksyon) ansanm ak kantite èdtan ou te travay.

N ap kenbe aplikasyon yo e enfòmasyon sou yo konfidansyèl. Sa vle di

- nou pa p voye non e adrès bay ofisye imigrasyon; e
- nou pa pral matche enfòmasyon avèk lòt ajans si moun yo pa gen nimewo sekirite sosyal.

Kisa vizitè yo dwe konnen lè y ap aplike

Si w pa rezidan Massachusetts, ou pa elijib pou MassHealth oswa lòt benefis swen medikal Commonwealth of Massachusetts finance. Si se vizite w ap vizite Massachusetts pou rezon pèsònèl, tankou pou vakans, oswa pou w jwenn swen medikal yon kote ki pa yon etablisman enfimye, konnen alò ou pa satisfè kondisyon Massachusetts pou rezidan.

Ou ka jwenn sèvis jiridik gratis epi abapri nan mass.gov/info-details/finding-legal-help.

SEKSYON 1

Aplike pou MassHealth, kouvèti nan Massachusetts Health Connector, oswa Health Safety Net - pou moun aje k ap viv lakay ou ansanm ak moun nan kèlkeswa laj ki bezwen soutyen e sèvis swen alontèm pandan y ap viv lakay yo

Enfòmasyon sou MassHealth, Health Connector, oswa Health Safety Net pou moun aje k ap viv lakay yo

Seksyon sila bay enfòmasyon jeneral sou règ MassHealth sou elijiblite pou moun ki gen 65 an oswa plis, k ap viv lakay yo, e ki jeneralman pa bezwen soutyen oubyen sèvis alontèm. Li bay enfòmasyon tou sou kòman pou fè aplikasyon pou MassHealth, Health Safety Net (HSN), oswa kouvèti nan Health Connector. Si w pa elijib pou MassHealth, ou gendwa elijib pou Health Safety Net, ki gen diferan règ sou elijiblite.

Health Safety Net (HSN)

HSN peye lopital ki bay swen ijan Massachusetts yo ak sant sante nan kominote yo pou kèk sèvis swen medikal yo bay malad ki gen revni ba. A kòmanse 1ye jen 2016, HSN peye pou sèvis li bay rezidan Massachusetts ki gen revni brit ajiste ki modifiye (Modified Adjusted Gross Income, MAGI) kote revni fanmi an a 300% oswa pi ba pase nivo povrete federal la (FPL). Pou plis enfòmasyon konsènan Health Safety Net, gade nan Seksyon 5. Health Connector

Massachusetts Health Connector

Massachusetts Health Connector se mache leta a mete sou pye pou asirans sante ak asirans dantè. Health Connector ka ede ni oumenm ni kòkay ou a chèche e enskri nan plan asirans nan pi gwo asirans medikal e dantè nan eta a. Ou ka wè si w kalifye pou yon pwogram ki ede w peye pou prim asirans medikal e diminye frè swen medikal ou peye ak lajan pa w.

Kèk pwogram ki ka ede w peye pou asirans medikal ou a atravè Health Connector genyen ladan yo Kredi taks pou prim ki bay davans ak plan asirans medikal ConnectorCare yo ak rediksyon frè pataje.

Ou ka kalifye pou achte yon plan asirans sante oswa dantè atravè Health Connector a si w ranpli kondisyon annapre yo.

- Ou se yon rezidan Massachusetts.
- Ou se yon sitwayen/resòtisan ameriken, oswa ou abite legalman Ozetazini.
- Ou pa nan prizon, amwenske w ap tann pou yon pwosè kòmanse

Kouvèti medikal nan Massachusetts Health Connector pa menm ak MassHealthSi w gen Medicare, ou p ap admisib ni pou rediksyon nan pataj frè ni pou Advance Premium Tax Credit nan Health Connector e ou pa ka gen yon plan medikal nan Health Connector. Si w admisib pou Medicare, sèl lè ou ta dwe fè aplikasyon pou yon plan nan Health Connector a se si w poko enskri nan Medicare men gen pou w peye pou prim Medicare Part A ou a. Nan sitiyasyon sa, ou gendwa elijib pou kouvèti nan Health Connector, ki gendwa gen ladan kredi taks pou prim ki bay davans e plan ConnectorCare.

Si w nan oswa w ap tan pou w antre nan yon etablisman ki founi swen alontèm, li Seksyon 2 a pou w jwenn plis enfòmasyon. Pou plis enfòmasyon konsènan pwogram yo atravè Health Connector, gade nan Seksyon 4.

MassHealth

Kòman pou fè aplikasyon

1. Ranpli aplikasyon pou moun aje a.
2. Voye ban nou aplikasyon ki ranpli e siyen an avèk prèv ki make annapre la.
 - Montan revni w lemwa anvan retrè taks e dediksyon (tèlke yon kopi souchèk pansyon w lan oswa lèt atribisyon ou an). Li pa nesèsè pou w voye ban n prèv sou revni sekirite sosyal oswa SSI ou a. Si w ap travay, voye prèv sou revni w lemwa anvan taks e dediksyon, tèlke two dènye souchèk oswa papye taks ou ranpli Etazini. Si w ap travay endepandan, voye papye taks ameriken ou ranpli, oswa si w pa plen taks ameriken ou yo, ou gendwa soumèt yon lèt ki deklare pwofi e pèt pou dènye 12 mwa yo yon kontab siyen (oswa oumenm, si w pa sèvi ak kontab). Rejis komèsyal aktyèl ki montre lòt dokiman enpòtan gendwa soumèt kòm prèv akseptab pou travay endepandan.
 - Valè aktyèl aktif ou yo (tèlke kopi relve bankè aktyèl ou yo*).
 - Estati sitwayèn/ resòtisan ameriken ak idantite imigrasyon w lan. (Gade nan Seksyon 8 pou plis enfòmasyon.)

Pou moun detèmine pa MAGI, nou fè konparezon ak lòt ajans e lòt sous lè n resevwa yon aplikasyon. Pou yon deskripsyon yon moun detèmine pa MAGI, gade nan paj 11. Nou fè konparezon enfòmasyon nan revizyon anyèl e peryodikman pou fè mizajou oswa pou prèv elijiblite.

Ajans e sous enfòmasyon sa yo gendwa gen ladan: Sant Federal pou Sèvis Done (Federal Data Services Hub); Depatman Asistans Chomaj (Department of Unemployment Assistance); Biwo eta sivil nan Depatman Lasante Piblik (Bureau of Vital Statistics in the Department of Public Health); Depatman Aksidan nan Travay (Department of Industrial Accidents); Depatman Sèvis Veteran (Department of Veterans' Services); Depatman Revni (Department of Revenue); Biwo Envestigasyon Espesyal (Bureau of Special Investigations); Administrasyon Sekirite Sosyal (Social Security Administration); Verifikasyon Sistematik pou Dwa Etranje yo (Systematic Alien Verification for Entitlements); Depatman Asistans Tranzisyonèl (Department of Transitional Assistance); konpayi asirans maladi, ak bank epi lòt etablisman finansye yo.

Yo gendwa pataje enfòmasyon sou moun ki sou aplikasyon w lan bay ni Depatman èd nan chomaj (Department of Unemployment Assistance) ni konpayi kote l ap travay (pou jere egzijans MGL c 149 s 189A sou kontribisyon konpayi travay la pou èd medikal (Employer Medical Assistance Contribution, EMAC).

Nou fè konparezon enfòmasyon sou revni w elektwonikman. MassHealth konsidere gen prèv sou revni a si done sou revni nou resevwa nan men lòt ajans byen asòti ak montan revni ou mete sou aplikasyon w lan. Si n pa an mezi pou n fè yon verifikasyon elektwonik sou revni w, n ap mande w bay yon prèv sou revni w.

* An vèti Chapit 125 nan lwa nan lane 2008: Yon lwa relatif nan egzansyon moun aje pou sèten frè bankè, institisyon finansyè pa ka faktire moun aje pou kopi bankè oswa lòt dokiman finansye si MassHealth mande pou enfòmasyon yo.

3. Apre w fin ranpli aplikasyon pou moun aje a ak tout lòt sipleman, voye aplikasyon w lan pa **Nan lapòs oswa faks, bay:**

MassHealth Enrollment Center
 PO Box 290794
 Charlestown, MA 02129-0214
faks: (617) 887-8799

An pèsòn nan
MassHealth Enrollment Center
The Schrafft Center
 529 Main Street, Suite 1M
 Charlestown, MA 02129

4. Pou aplike an pèsòn, ou ka ale nan nenpòt sant enskripsyon lendi pou vandredi ant 8:45 a.m. a 5 p.m. **Pa voye yon aplikasyon bay okenn nan sant enskripsyon sa yo.** Gen bwat pou depoze dokiman ki disponib apre orè ouvèti nan Sant Enskripsyon ki nan Charlestown e nan Tewksbury.

MassHealth Enrollment Centers

- 529 Main Street
Charlestown, MA 02120
- 45 Spruce Street
Chelsea, MA 02150
- 243 Cottage Street
Springfield, MA 01104
- 21 Spring Street, Suite 4
Taunton, MA 02780
- 367 East Street
Tewksbury, MA 01876

- 100 Hancock Street, 1st Floor
Quincy, MA 02171
- 50 SW Cutoff, Suite 1A
Worcester, MA 01604

Ki kote pou rele

Sonnen nou nan nimewo (800) 841-2900, TDD/TTY: 711 pou jwenn èd avèk sa ki make annapre la.

- Aplikasyon pou yon moun aje,
- Yon gid pou moun aje sou kouvèti swen medikal ki ekri nan yon lòt lang,
- Sèvis entèprèt,
- Èd pou ranpli aplikasyon pou moun aje a, oswa
- Kesyon sou pwosesis aplikasyon an

Règ jeneral sou elijiblite

Pou deside si w ka gen MassHealth, nou egzamine revni w ak aktif ou yo e, nan kèk sitiyasyon, estati w nan imigrasyon.

Rezidans

Se pou w yon rezidan Massachusetts pou w gen MassHealth oswa pou w gen lòt benefis pou swen medikal Commonwealth of Massachusetts la finanse. Amwenske li presize otreman nan règleman Massachusetts, ou se yon rezidan nan Massachusetts si w abite Massachusetts epi w swa gen lentansyon abite nan Massachusetts, avèk oswa san yon adrès fiks oswa w vin Massachusetts poutèt ou resevwa òf anplwa oswa ap chèche travay. Si se vizite w ap vizite Massachusetts pou rezon pèsònèl, tankou pou vakans, oswa pou w jwenn swen medikal yon kote ki pa yon etablisman enfimye, konnen alò ou pa satisfè kondisyon Massachusetts pou rezidan.

Nou pral konsidere rezidans yon moun pwouve si l te deklare tèt li kòm yon rezidan Massachusetts, epi rezidans lan konfime atravè konparezon done elektwonik avèk ajans federal ak ajans leta yo, oswa sèvis enfòmasyon, oswa moun nan te bay nenpòt nan dokiman ki pral site la yo:

- Yon kopi tit pwopriyete ak dosye pèman ipotèk ki pi resan (si ipotèk la te peye okonplè, yon kopi fakti enpo lokatif ane ki pi resan an).
- Yon fatik sèvis piblik aktyèl oswa yon lòd pou yon travay nan kay la nan 60 jou ki sot pase yo
- Yon deklarasyon ki sot nan yon fwaye pou sanzabri oswa yon founisè sèvis pou sanzabri.

- Dosye eskolè (si lekòl la prive, yo ka mande dokimantasyon siplemantè).
- Dosye jadendanfan oswa gadri (si lekòl la prive, yo ka mande dokimantasyon siplemantè).
- Yon kontra Seksyon 8.
- Yon kontra asirans pou kay.
- Prèv enskripsyon pou depandan ki sou siveyans ou ki nan lekòl piblik.
- Yon kopi lokasyon ak dènje pèman lwaye ou te fè.

Si w paka ban nou ankenn nan dokiman ki site anwo a, ou ka soumèt yon deklarasyon sou sèman ki bay prèv sou rezidans ou an. Li dwe di ke w pap vizite Massachusetts pou rezon pèsònèl (pa egzanp vakans) oswa pou w jwenn swen medikal yon kote ki pa yon etablisman enfimye. Li dwe siyen anba pèn ak konsekans pou fo temwayaj.

Nimewo sekirite sosyal

Ou dwe ban nou yon nimewo sekirite sosyal (SSN) oswa prèv ou te aplike pou youn pou chak moun nan kòkay ou a k ap aplike, amwenske youn nan eksepsyon ki site anba yo aplike.

- Oumenm oswa nenpòt moun nan kòkay ou a gen yon egzampsyon relijye jan sa dekri nan lalwa federal.
- Oumenm oswa nenpòt moun nan kòkay ou a elijib sèlman pou resevwa yon SSN ki pa pèmèt ou travay.
- Oumenm oswa nenpòt moun nan kòkay ou a pa elijib pou gen yon SSN. Gade nan Seksyon 7 pou enfòmasyon siplemantè.

Règ sou revni

MassHealth fè konparezon ant revni w lemwa ak sèten limit lalwa tabli/ Limit sa yo baze sou yon pousante nivo povrete federal (FPL), e l gendwa ogmante chak lane. Si w marye e w ap viv avèk konjwen w lan, nou konte toude revni ou yo pou n deside si w ap gen MassHealth.

Pou detèmine revni w, nou gade sekirite sosyal ou, pansyon w, e lòt revni ki pa asosye ak travay (anvan dediksyon prim Medicare w la, taks ou, oswa lòt dediksyon).

Si w gen yon revni nan travay, gen sèten dediksyon nou pèmèt.

Règ sou revni - franchiz la

Si revni w twò wo pou w gen MassHealth Standard, Family Assistance, Health Safety Net oswa Limited, w ap gen alò yon franchiz. Nou ka di w kòman pou gen MassHealth nan respekte franchiz ou a. Gade nan Seksyon 3 pou enfòmasyon siplemantè.

Franchiz la se montan total revni w ki plis pase limit MassHealth pou revni nan yon peryòd sis mwa.

Pou respekte franchiz la, ou dwe gen fakti medikal ki egal oswa plis pase montan franchiz ou a. Ou gendwa sèvi ak fakti medikal yo pou ou e pou konjwen w lan.

MassHealth pa p peye fakti medikal sa yo - se ou ki responsab pou peye yo. Epitou, fakti ou itilize pou sèvis ki kouvri pa lòt asirans oumenm oswa konjwen w lan gendwa genyen.

Revni brit ajiste modifye (MAGI)

Yo baze elijiblite finansye sou revni brit ajiste modifye (MAGI). Pou aplikan kominotè ki poko gen 65 an, oswa pou moun sa yo ki gen 65 an oswa ki pi gran ki mande pou yon desizyon MAGI pou gen benefis Health Connector, metodologi MAGI a itilize pou kalkile revni a.

Revni denonbrab - MAGI

- MAGI se revni ki make sou liy 7 dokiman 1040 lan lè w plen taks ou apre revni ki sou liy 22 nan Schedule 1 an ajoute e dediksyon sou liy 36 nan Schedule 1 a fin soustrè. Ansuit aprè sa yo vin ajoute enterè ou pa peye taks sou li a, eksklizyon sou revni ki sot aletranje ak revni sekirite sosyal ou pa peye taks sou li.
- MAGI enkli revni ou travay pou li tankou salè, poubwa, komisyon ak bonis.
- MAGI pa konte kontribisyon ou fè anvan taks nan plan rediksyon salè (jiska \$2,500 oswa \$5,000 toudepan de jan w ranpli taks ou) pou pèman swen depandan, transpò ak kèk depans pou swen sante.
- Revni lè w travay ak tèt ou enkli nan revni brit ajiste, men kòd taks la pèmèt dediksyon pou depans pou vwayaj ak divètisman ki gen rapò ak biznis lan (jiska yon limit), ak itilizasyon kay pèsònèl ou pou biznis. Si dediksyon yo depase revni ou touche nan travay ou fè ak tèt ou, pèt ou fè a ka konpanse lòt revni ou rapòte.
- Yo konte yon montan ou resevwa nan yon sòm global kòm revni sèlman nan mwa ou resevwa lajan sa a.

Eksepsyon: Pou plan ki nan Health Connector a, yo konte revni ou resevwa nan yon sòm global nan ane ou te resevwa l la.

Dediksyon - MAGI

Dediksyon ki pèmèt nan revni ki konte lè pou detèmine MAGI: depans edikatè; sèten depans dafè pou rezèvis, atis nan espektak oubyen reprezantan gouvènman an avèk onorè; dediksyon nan kont depay sante; frè pou demenajman manm fòsame; pati ki dediktib nan enpo travayè ki otonòm; kontribisyon nan plan senplifye pou anplwa (SEP); plan IRA SIMPLE, ak plan ki kalifikatif, dediksyon pou asirans medikal pou travayè otonòm; penalite sou retrè davans nan kont depay; pansyon alimantè yo peye pou yon divòs, akò separasyon oswa lòd tribinal yo te finalize anvan 1^{ve} janvyè 2019; dediksyon sou kont retrèt endividyèl; epi dediksyon sou enterè yon prè pou ekolaj.

Pou moun ki detèmine MAGI, nou pral konpare enfòmasyon yo avèk lòt ajans ak lòt sous enfòmasyon lè yon moun soumèt yon aplikasyon, pandan revizyon anyèl ak revizyon peryodik pou nou ka mete ajou oswa pwouve elijiblite.

Ajans ak sous sa yo ka enkli, men se pa sèlman: Sant Federal pou Sèvis Done (Federal Data Services Hub); Depatman Asistans Chomaj (Department of Unemployment Assistance); Biwo eta sivil nan Depatman Lasante Piblik (Bureau of Vital Statistics in the Department of Public Health); Depatman Aksidan nan Travay (Department of Industrial Accidents); Depatman Sèvis Veteran (Department of Veterans' Services); Depatman Revni (Department of Revenue); Biwo Envestigasyon Espesyal (Bureau of Special Investigations); Administrasyon Sekirite Sosyal (Social Security Administration); Verifikasyon Sistematik pou Dwa Etranje yo (Systematic Alien Verification for Entitlements); Depatman Asistans Tranzisyonèl (Department of Transitional Assistance); konpayi asirans maladi, ak bank epi lòt etablisman finansye yo.

Nou pral chèche jwenn enfòmasyon sou revni atravè yon konparezon done elektwonik. Yo konsidere yon revni kòm pwouve si done sou revni nou resevwa atravè yon konparezon done elektwonik lan rezonabman konpatib avèk montan revni ou te deklare sou aplikasyon w lan. Si n pa kapab fè yon verifikasyon elektwonik sou revni w, n ap mande prè sou revni w.

Pou w sa resevwa osito posib benefis ou gen pou w resevwa, ou gendwa voye ban nou dokimantasyon ou genyen k ap pwouve revni tout moun ki nan kòkay ou a.

Règ jeneral sou aktif

MassHealth gade valè aktyèl tout aktif ou genyen e l konpare yo ak limit sou aktif yo. Pou tou dènye enfòmasyon sou aktif e lòt karakteristik MassHealth itilize pou l detèmine elijiblite, monte nan [mass.gov/service-details/program-financial-guidelines-for-certain-masshealth-applicants-and-members](https://www.mass.gov/service-details/program-financial-guidelines-for-certain-masshealth-applicants-and-members). Si w marye e w ap viv avèk konjwen w lan, nou konte valè aktif oumenm ak konjwen w lan gen.

Aktif denonbrab

Aktif denonbrab gen ladan valè kont bankè (an vèti Chapit 125 nan lwa nan lane 2008: Yon lwa relatif nan egzansyon moun aje pou sèten frè bankè, institisyon finansyè pa ka faktire moun aje pou kopi bankè oswa lòt dokiman finansye si MassHealth mande pou enfòmasyon yo), sètifika pou depo, fon komen nan plasman, aksyon e obligasyon, e valè byen imobilye yo, eksepte kay ou, si l satisfè kritè kondisyon sou elijiblite yo.

Aktif ki pa denonbrab

Gen nan aktif denonbrab yo sa ki make annapre a.

- Kay kote w rete a si l Massachusetts, amwenske w ap resevwa soutyen e sèvis alontèm nan yon etablisman swen alontèm (gade nan Seksyon 2 pou enfòmasyon siplemanntè).

NOTE: Byenke nou pa konte valè kay ou a, nou gendwa reklame lajan nan siksesyon w apre w mouri. Pou enfòmasyon siplemanntè, gade nan paj 34.

- Yon machin pou chak kòkay,
- Politik asirans vi pou toude oumenm e konjwen w lan si valè nominal total chak nan nou se \$1,500 oswa mwens (valè nominal polits tanporè yo pa konte.),
- Pasèl pou antèmnan,
- Jiska \$1,500 pa pèsòn pou ou e pou konjwen w lan ki kenbe sou kote prezizeman pou frè finerè e antèmnan. Montan sa
 - adwe nan kont apa e idantifyab, oswa
 - gendwa nan fòm polis asirans vi prezizeman tabli pou frè fineray e antèmnan si valè nominal pou chak nan nou se \$1,500 oswa mwens, ak

- Yon fidousi finerè ki pa ka revoke oswa yon kontra finerè ki pa ka revoke e ki deja peye ki tabli nan montan rezonab pou peman alavni pou frè finerè e antèmnan.

Pwogram pou moun ki abite lakay ki bezwen soutyen e sèvis alontèm

Moun ki abite lakay (timoun tankou moun majè) ki bezwen plis èd pase sa fanmi yo kapab ofri gendwa resevwa sèten soutyen e sèvis alontèm pou ede yo viv lakay yo, pase pou yo viv nan yon etablisman swen alontèm. MassHealth gen twa kalite pwogram ki pèmèt sèten manm nan MassHealth Standard resevwa lakay yo soutyen e sèvis swen alontèm.

- Pwogram sibvansyon sèvis ki baze lakay epi nan kominote a (Home- and Community-Based Services, HCBS).
- Kaileigh Mulligan Program (swen lakay pou timoun ki gen andikap)
- Pwogram tout kalite swen pou moun aje (Program of All-Inclusive Care for the Elderly, PACE)

Chak pwogram gen pwòp règ li yo sou elijiblite, an kontan règ sou revni e aktif. Si oumenm oswa konjwen w lan bay oswa transfere aktif oswa revni pou mwens pase valè yo, ou gendwa pa elijib pou yon sèten peryòd tan.

Dispans aplikan ak manm dwe gen revni ki mwens oswa egal 300% nan to benefis federal la.

Lè MassHealth ap detèmine elijiblite pou dispans sa yo, li konte aktif toude aplikan e konjwen li an, men l sèlman konte revni dispans aplikan an, amwenske gen lòt bagay ki make.

Pou enfòmasyon pi detaye sou kòman nou gade aktif denonbrab yo, gade nan paj 19.

Dispans lakay e nan kominote a

MassHealth travay avèk lòt ajans leta pou administre dispans sèvis ki baze lakay e nan kominote a (HBS). Yo se pwogram MassHealth ki founi aksè nan sèvis e soutyen alontèm pou ede moun aje ak moun ki gen andikap e ki elijib rete viv nan kominote a. Patisipan nan pwogram dispans HCBS yo gen aksè nan sèvis òdinè MassHealth ak nan sèvis ki disponib nan dispans HCBS kote yo enskri ladan l lan. Gen diferan dispan MassHealth HCBS nan Massachusetts.

Pou patisipe nan nenpòt nan dispans HCBS yo, ou dwe elijib pou MassHealth Standard e w dwe satisfè sèten kondisyon. Tip kondisyon yo se "elijiblite klinik" ak "elijiblite finansyè."

Elijiblite klinik baze sou yon evalyasyon sitiyasyon medikal ou a. Tanpri, kontakte ajans k ap fè evalyasyon klinik la pou w jwenn plis enfòmasyon sou pwosesis la. Dispans aplikan ak manm dwe gen revni denonbrab ki mwens oswa egal 300% nan to benefis federal la. Elijiblite finansyè a baze sou aktif toude dispans aplikan e konjwen li an, men l sèlman konte revni dispans aplikan an.

NOTE: Pou pwogram Kaileigh Mulligan lan, elijiblite finansyè a detèmine san konte revni e aktif paran yo.

Moun ki elijib gendwa enskri sèlman nan youn nan dispans HCBS yo nan menm lè. Dispans patisipan yo pa gendwa enskri nan Program of All-inclusive Care for the Elderly (PACE), One Care, oswa chwa swen pou moun aje (Senior Care Options, SCO) pandan patisipan an enskri nan yon dispans HCBS. Eksepsyon an se patisipan ki gen 65 an oswa plis e enskri nan dispans Frail Elder Waiver, dekri pi devan, gendwa enskri nan SCO.

Dispans pou moun aje ki frajil an matyè sèvis lakay e kominotè

Kisa li ye e kiyès li ede

- Dispans sa a pèmèt sèten moun ki gen ant 60 a 64 an ki gen andikap total e pèmanan, oswa 65 an e plis kèlkeswa andikap la, rete viv lakay li e resevwa sèvis dispans presi (tankou moun kay, transpò pa pou swen medikal, e livrezon repa lakay).
- Dispans patisipan gendwa resevwa sèvis tou ki kouvri nan MassHealth Standard.
- Dispans sa a egzije pou manm lan gen yon nivo swen klinik ki egal ak sa ki founi nan yon etablisman swen enfimye(è), baze yon dispans evalyasyon klinik yon enfimye Aging Services Access Point (ASAP) fè.

Kòman e ki kote pou aplike

Pou aplike pou Frail Elder Waiver a, se pou w kontakte ajans Aging Services Access Point (ASAP) la nan nimewo (800) AGE-INFO, TDD/TTY: MassRelay 711.

Dispans sèvis lakay e kominotè pou moun ki sibi yon chok serebral

Kisa li ye e kiyès li ede

- Dispans sa a pèmèt sèten moun, ant 18 a 64 an, ki gen andikap total e pèmanan oswa ki gen 65 an oswa pi gran kèlkeswa andikap la, ki gen yon chok serebral jan sa defini nan MassAbility pou resevwa sèvis dispans lakay oswa nan kominote a.
- Dispans patisipan resevwa sèvis tou ki kouvri nan MassHealth Standard.
- Dispans sa a egzije pou manm lan gen yon nivo swen klinik ki egal ak sa ki founi nan yon etablisman swen enfimye(è) oswa lopital, baze sou dispans evalyasyon klinik MassAbility a fè.

Kòman e ki kote pou aplike

Jeneralman, se responsab ka MassAbility a ki bay referans yo. Rele n nan nimewo (800) 841-2900, TDD/TTY: 711 pou yon moun aje e pou plis enfòmasyon sou pwogram sa a.

Dispans sèvis lakay e kominotè pou moun ki gen yon lezyon serebral aki (Acquired Brain Injury, ABI)

Kisa li ye e kiyès li ede

- Dispans sa a pèmèt sèten moun ki gen ant 22 a 64 an ki gen andikap total e pèmanan oswa moun ki gen 65 an e pi gran kèlkeswa andikap la, ki vin gen, apre 22 an, yon chok serebral tèlke, san limit, chòk serebral ki rive poutèt fòs ekstèn, men pa maladi Alzheimer e maladi newodejeneratif sanblab, kote manifestasyon prensipal la se demans.
- Pou kalifye pou dispans ABI la, se pou moun lan te malad entènè nan yon etablisman swen oswa maladi kwonik oswa lopital reyedikasyon pou yon sejou kontini pandan 90 jou oswa plis tan.
- Dispans sèvis yo gendwa founi nan yon etablisman rezidansyèl oswa lakay oswa kominote a. Dispans patisipan resevwa sèvis tou ki kouvri nan MassHealth Standard.
- Dispans sa a egzije pou manm lan gen yon nivo swen klinik ki egal ak sa ki founi nan yon etablisman swen enfimye(è) oswa lopital, baze sou dispans evalyasyon depatman dispans nan University of Massachusetts Medical School fè.

Kòman e ki kote pou aplike

Pou aplike pou dispans pou sèvis lakay e nan kominote a pou moun ki gen ABI, se pou w kontakte departman dispans University of Massachusetts Medical School la nan (866) 281-5602, TDD/TTY: 711.

Dispans sèvis lakay e nan kominote a nan plan ale devan (Moving Forward Plan, MFP)**Kisa li ye e kiyès li ede**

- Dispans sa a pèmèt sèten moun ki gen ant 18 a 64 an ki gen andikap total e pèmanan, oswa ki gen 65 an kèlkeswa ki andikap, ki entène nan yon etablisman swen, lopital pou maladi kwonik, reyedikasyon, oswa sikyatri pou resevwa sèvis soutyen e lòt sèvis dispans presi.
- Pou kalifye pou dispans MFP, se pou moun lan te malad entène nan yon etablisman swen, lopital pou maladi kwonik, reyedikasyon, oswa sikyatri pou yon sejou kontini pandan 90 jou oswa plis tan.
- Dispans sèvis yo gendwa founi 24 sou 24 e 7 jou sou 7 lasemèn nan yon etablisman rezidansyèl oswa lakay patisipan an oswa nan kominote a. Dispans patisipan resevwa sèvis tou ki kouvri nan MassHealth Standard.
- Dispans sa a egzije pou manm lan gen yon nivo swen klinik ki egal ak sa ki founi nan yon etablisman swen enfimye(è) oswa lopital, baze sou dispans evalyasyon departman dispans nan University of Massachusetts Medical School fè.

Kòman e ki kote pou aplike

Pou aplike pou dispans pou sèvis lakay e nan kominote MFP, se pou w kontakte departman dispans University of Massachusetts Medical School la nan (855) 499-5109, TDD/TTY: 711.

Dispans sèvis lakay e kominote pou moun majè ki gen andikap entelektyèl**Kisa li ye e kiyès li ede**

- Gen twa pwogram dispans ki pèmèt moun ki gen andikap entelektyèl ant 22 a 64 an ki andikape ototal e pèmanan, oswa ki gen 65 an oswa plis kèlkeswa andikap la, ki gen yon nivo swen nan yon etablisman swen entèmedyè pou moun ki gen andikap entelektyèl (ICF-ID) pou resevwa sèvis soutyen e lòt sèvis dispan presi.
- Dispans sèvis yo gendwa founi nan yon etablisman rezidansyèl oswa lakay oswa kominote a. Dispans patisipan resevwa sèvis tou ki kouvri nan MassHealth Standard.

- Dispans sa yo egzije pou manm lan gen yon nivo swen klinik ki egal ak sa ki founi nan yon etablisman swen entèmedyè pou andikap entelektyèl, baze sou dispans evalyasyon klinik Departman sèvis devlopmantral la fè.

Kòman e ki kote pou aplike

Jeneralman, se yon responsab ka nan Departman sèvis devlopmantral ki fè referans yo. Sonnen nou nan nimewo (800) 841-2900, TDD/TTY: 711 pou yon moun aje, e pou plis enfòmasyon sou pwogram sa a.

Kaileigh Mulligan Program (swen lakay pou timoun ki gen andikap)**Kisa li ye e kiyès li ede**

- Dispans sa a pèmèt sèten timoun ki gen gwo andikap (poko gen 18 an) viv lakay li ak paran li an/yo e gen desizyon elijiblite MassHealth san konte revni e aktif paran an/yo.
- Dispans lan egzije pou bezwen medikal timoun lan grav ase pou l bezwen swen ki egal ak sa ki founi nan yon lopital oswa etablisman swen pedyatri, jan sèvis evalyasyon yon andikap MassHealth detèmine.
- Li kouvri peman pou anpil swen medikal e enfimye(è), e sèten ekipman e founiti medikal pou timoun lan.
- Dispans lan egzije pou frè MassHealth pou sèvis sa yo pa plis pase sa li ta koute pou timoun lan viv nan yon etablisman ospital oswa etablisman swen.
- Dispans sa a gen yon lyen ant fanmi timoun lan e sèvis jesyon ka Departman sante piblik la pou suiv swen timoun lan.

Kòman e ki kote pou aplike

Se responsab ka Departman sante piblik la ki jeneralman fè referans yo oswa anplwaye sèvis sosyal timoun lan. Li ka ba w yon aplikasyon pou kouvèti medikal pou moun aje e moun ki bezwen sèvis swen alontèm (aplikasyon pou moun aje) e ede w fè aplikasyon pou pwogram sa a.

Sonnen nou nan nimewo (800) 841-2900, TDD/TTY: 711 pou yon moun aje, e pou plis enfòmasyon sou pwogram sa a.

PACE (Pwogram tout kalite swen pou moun aje)

Kisa li ye e kiyès li ede

PACE se yon pwogram ki founi manm ki enskri aksè nan tout sèvis Medicare e MassHealth kouvri e ofri plis sèvis baze sou bezwen yon manm, nan modèl baze nan sant. PACE founi tout sèvis medikal e sosyal pou moun pou manm ka viv nan kominote pa yo a pase nan yon mezon swen.

Pa gen kotpa pou manm ki enskri nan PACE.

Si w ta renmen gen plis enfòmasyon sou mezi pou w pran pou enskri nan PACE, ou ka kontakte plan PACE ki sèvi kote w rete a oswa telefonnen nan nimewo ki apre a. Pou detèmine si yon moun elijib pou enskri nan PACE, yon ekip pwofesyonèl medikal nan yon òganism PACE rankontre avèk yon aplikan pou fè yon evalyasyon estati sante aplikan an. Òganism PACE la soumèt apre evalyasyon klinik la ansanm ak yon aplikasyon pou MassHealth. Si MassHealth detèmine aplikan an satisfè kondisyon klinik e finansyè PACE, aplikan an ka deside enskri nan PACE.

PACE se pou moun ki

- gen 55 an oswa plis;
- ap viv nan zòn sèvis yon òganism PACE;
- ka viv an sekirite nan kominote a;
- gen sètifika eta a poy elijib pou swen enfimy(è) lakay;
- dakò pou resevwa sèvis medikal sèlman nan men òganism PACE la; ak
- gen revni denonbrab ki mwens oswa egal 300% nan to benefis federal la.

Lè ap detèmine elijiblite finansyè pou PACE, MassHealth konte revni ak aktif aplikan an e aktif konjwen li an, si l gen youn. Pou tou dènye enfòmasyon sou aktif e lòt karakteristik MassHealth itilize pou l detèmine elijiblite, monte nan mass.gov/service-details/program-financial-guidelines-for-certain-masshealth-applicants-and-members.

Depi yon manm enskri nan PACE, chak manm PACE ap gen yon ekip swen ki deziyen pou li e l ap gen ladan l doktè, enfimye(è), terapèt, e lòt founisè sèvis medikal e sosyal. Yon plan swen tabli avèk manm la e ekip swen manm lan. Òganism PACE la kowòdone e òganize tout sèvis ki nesèsè. Pifò sèvis òdinè founi nan yon sant PACE, men gen sèten sèvis ki gendwa founi swa lakay patisipan an oswa nan lòt etablisman.

Gen nan sèvis ki kouvri yo: livrezon repa, transpò, swen lajounen pou moun majè, sèvis sosyal, preskripsyon (kouvèti medikaman preskripsyon Medicare ou a), ospitalizasyon, e, si l nesèsè, plasman nan yon etablisman swen.

PACE founi yon responsab swen PACE pou kowòdone swen patisipan an.

Kòman e ki kote pou aplike

Aplikan e manm MassHealth gendwa fè aplikasyon pou PACE. Telefonnen MassOptions nan (888) 885-0484 pou yon aplikasyon pou moun aje, e pou plis enfòmasyon sou pwogram sa a.

Swen jere

Si w gen 65 an oswa olis oswa nan yon etablisman pou swen alontèm, ou pa bije enskri nan yon plan òganism swen jere (managed care organization, MCO), yon plan klinisyè swen primè (Primary Care Clinician, PCC), oswa nan yon òganism swen responsab (Accountable Care Organization, ACO). Ou resevwa benefis MassHealth ou yo sou yon baz frè pou sèvis nan men founisè MassHealth, amwenske ou chwazi pou w enskri nan chwa swen pou moun aje (Senior Care Options, SCO) oswa PACE.

Manm ki poko gen 65 an nan pwogram dispans HCBS gendwa chwazi, men l pa obligatwa, pou l enskri nan yon plan MCO, yon plan PCC, oswa yon ACO si w pa kouvri nan lòt asirans medikal konplè, tèlke Medicare. Yon plan asirans se yon gwoup founisè swen, lopital, ak lòt pwofesyonèl ki travay ansanm pou ede satisfè bezwen medikal ou yo. Si w enskri nan yon plan MCO, w ap gen yon peryòd 90 jou pou fè seleksyon yon plan kote w ka chanje plan ou an pou kèlkeswa rezon, epi apre yon peryòd enskripsyon fiks lè w ka sèlman chanje plan pou sèten rezon.

Si w ta renmen plis enfòmasyon sou plan MCO oswa plan PCC, gade tanpri nan gid enskripsyon MassHealth la. Pou jwenn yon kopi

- Monte nan sit entènèt nou a nan mass.gov/masshealth, oswa
- Sonnen nou nan nimewo (800) 841-2900, TDD/TTY: 711

SEKSYON 2

Aplikasyon pou MassHealth - pou moun ki nan oswa k ap tann pou yo antre nan yon etablisman swen alontèm

Enfòmasyon sou swen alontèm

Seksyon sila bay enfòmasyon jeneral sou règ spesyal sou elijiblite pou moun ki nan oswa k ap tann pou yo antre nan yon etablisman swen alontèm. Si w satisfè règ spesyal sa yo, MassHealth gendwa ka peye pou swen ou yo nan yon etablisman swen alontèm. Seksyon 2 bay enfòmasyon tou sou kòman pou fè aplikasyon pou MassHealth.

Yon etablisman alontèm se yon kalite etablisman swen medikal ki gen ladan

- etablisman enfimye(è) ki diplôme;
- lopital pou maladi kwonik e reyedikasyon;
- lopital piblik e lekòl leta ki gen yon deziyasyon spesyal kòm etablisman sen alontèm; e
- etablisman swen entèmedyè pou moun ki gen andikap entelektyèl.

Sèvis swen alontèm se tip sèvis ki nesèsè si malad souvan, gen andikap pèmanan e bezwen èd, oswa pa ka pran swen tèt ou. Sa gen ladan sèvis swen medikal e swen pèsonèl.

Pou elijib pou peman pou sèvis nan yon etablisman swen alontèm, ou dwe

- elijib pou MassHealth Standard antanke yon moun ki
 - gen 65 an oswa plis;
 - gen ant 21 a 64 an e gen andikap dapre règ biwo sekirite sosyal sou andikap, oswa ansent; oswa
 - ki poko gen 21 an;
- MassHealth detèmine kòm bezwen medikalman sèvis swen alontèm; e
- gen prèv oumenm (ak konjwen w lan) satisfè sèten règ sou revni e aktif.

Règ jeneral sou elijiblite pou swen alontèm

Pou decide si w ka gen MassHealth, nou egzamine revni w ak aktif ou yo e, nan kèk sitiyasyon, estati w nan imigrasyon.

Rezidans

Se pou w yon rezidan Massachusetts pou w gen MassHealth oswa pou w gen lòt benefis pou swen medikal Commonwealth of Massachusetts la finanse. Amwenske li presize otreman nan règleman Massachusetts, ou se yon rezidan nan Massachusetts si w abite Massachusetts epi w swa gen lentansyon abite nan Massachusetts, avèk oswa san yon adrès fiks oswa w vin Massachusetts poutèt ou resevwa òf

anplwa oswa se chèche w ap chèche travay.

Si se vizite w ap vizite Massachusetts pou rezon pèsònèl, tankou pou vakans, oswa pou w jwenn swen medikal yon kote ki pa yon etablisman enfimye, konnen alò ou pa satisfè kondisyon Massachusetts pou rezidan.

Nou pral konsidere rezidans yon moun pwouve si l te deklare tèt li kòm yon rezidan Massachusetts, epi rezidans lan konfime atravè konparezon done elektwonik avèk ajans federal ak ajans leta yo, oswa sèvis enfòmasyon, oswa moun nan te bay nenpòt nan dokiman ki pral site la yo:

- Yon kopi tit pwopriyete ak dosye pèman ipotèk ki pi resan (si ipotèk la te peye okonplè, yon kopi fakti enpo lokatif ane ki pi resan an).
- Yon fatik sèvis piblik aktyèl oswa yon lòd pou yon travay nan kay la nan 60 jou ki sot pase yo
- Yon deklarasyon ki sot nan yon fwaye pou sanzabri oswa yon founisè sèvis pou sanzabri.
- Dosye eskolè (si se lekòl la prive, yo ka mande dokimantasyon siplemantè).
- Dosye jadendanfan oswa gadri (si se lekòl la prive, yo ka mande dokimantasyon siplemantè).
- Yon kontra Seksyon 8.
- Yon kontra asirans pou kay.
- Prèv enskripsyon pou depandan ki sou siveyans ou ki nan lekòl piblik.
- Yon kopi lwaye AK dènye pèman lwaye ou te fè.

Si w paka ban nou ankenn nan dokiman ki site anwo a, ou ka soumèt yon deklarasyon sou sèman ki bay prèv sou rezidans ou an. Li dwe di ke w pap vizite Massachusetts pou rezon pèsònèl (pa egzanp vakans) oswa pou w jwenn swen medikal yon kote ki pa yon etablisman enfimye. Li dwe siyen anba pèn ak konsekans pou fo temwayaj.

Nimewo sekirite sosyal

Ou dwe ban nou yon nimewo sekirite sosyal (SSN) oswa prèv ou te aplike pou youn pou chak moun nan kòkay ou a k ap aplike, amwenske youn nan eksepsyon ki site anba yo aplike.

- Oumenm oswa nenpòt moun nan kòkay ou a gen yon egzampsyon relijye jan sa dekri nan lalwa federal.
- Oumenm oswa nenpòt moun nan kòkay ou a elijib sèlman pou resevwa yon SSN ki pa pèmèt ou travay.

- Oumenm oswa nenpòt moun nan kòkay ou a pa elijib pou gen yon SSN. Gade nan Seksyon 7 pou yon eksplikasyon sou otorite nou a pou itilize oswa pataje SSN ou an.

Règ jeneral sou aktif

MassHealth gade valè aktyèl tout aktif ou genyen e l konpare yo ak limit sou aktif yo. Pou tou dènye enfòmasyon sou aktif e lòt karakteristik MassHealth itilize pou l detèmine elijiblite, monte nan [mass.gov/service-details/program-financial-guidelines-for-certain-masshealth-applicants-and-members](https://www.mass.gov/service-details/program-financial-guidelines-for-certain-masshealth-applicants-and-members). Si w marye e w ap viv avèk konjwen w lan, nou konte valè aktif oumenm ak konjwen w lan gen.

Aktif denonbrab

Gen nan aktif denonbrab yo, men se pa senpleman, valè nan kont bankè, sètifika depo, fon komen pou plasman, aksyon e obligasyon, e valè byen imobilye yo, eksepte kay ou a, si li satisfè kondisyon sou elijiblite yo.

Aktif ki pa denonbrab

Aktif ki pa denonbrab gen ladan sa ki make annapre a.

- Kay kote w ap viv la si l nan Massachusetts e satisfè lòt kondisyon pou elijiblite. Si w kite kay la pou w al viv nan yon etablisman swen alontèm oswa lòt enstitisyon medikal, gen lòt règ ki gendwa valab. Gade nan "Kòmman n konte aktif e kay la" ki nan paj 19.
- Yon machin pou chak kòkay.
- Polis asirans vi pou toude oumenm e konjwen w lan si valè nominal total chak nan nou se \$1,500 oswa mwens (valè nominal polits tanporè yo pa konte).
- Pasèl pou antèman.
- Jiska \$1,500 pa pèsòn pou ou e pou konjwen w lan ki kenbe sou kote prezizeman pou frè finèrè e antèman. Montan an dwe nan kont apa e idantifyab, oswa gendwa nan fòm polis asirans vi prezizeman tabli pou frè finèrè e antèman si valè nominal pou chak nan nou se \$1,500 oswa mwens.
- Yon fidousi finèrè ki pa ka revoke oswa yon kontra finèrè ki pa ka revoke e ki deja peye ki tabli nan montan rezonab pou peman alavni pou frè finèrè e antèman.

Règ sou aktif pou moun ki nan oswa k ap tann pou antre nan yon etablisman swen alontèm e pou moun k ap viv lakay ki soutyen e sèvis swen alontèm

Montan oumenm ak konjwen w ka konsève

- Ou gendwa kenbe \$2,000.
- Konjwen w lakay ou a gendwa kenbe jiska yon sèten montan, ki chanje chak mwa janvyè. Montan sa a gendwa ogmante tou apre yon apèl. (Gade règleman MassHealth nan 130 CMR 520.000.) MassHealth dwe suiv règ spesyal lè l ap detèmine ki kantite konjwen ki lakay la ka kenbe.

NOTE: Konjwen w lakay ou gen dwa mande pou yon odyans san patipri pou detèmine si l ka kenbe plis nan aktif nou gen ansanm.

Kòman n konte aktif e kay la

Si enterè ekite kay ou a plis pase limit ki pèmèt la, ou gendwa pa elijib pou peman pou sèvis swen alontèm, amwenske youn nan fanmi sa yo ap viv nan kay la ak ou:

- konjwen w,
- yon timoun ki gen andikap pèmanan e total,
- yon timoun ki avèg, oswa
- yon timoun ki poko gen 21 an.

Nan sèten ak, MassHealth gendwa anile kondisyon sa a si gen gwo difikilte. Pou tou dènye enfòmasyon sou aktif e lòt karakteristik MassHealth itilize pou l detèmine elijiblite, monte nan [mass.gov/service-details/program-financial-guidelines-for-certain-masshealth-applicants-and-members](https://www.mass.gov/service-details/program-financial-guidelines-for-certain-masshealth-applicants-and-members).

Si w kite kay ou a pou w al viv nan yon enstitisyon medikal, MassHealth deside si kote te rete anvan an se yon aktif denonbrab poutèt li pa plas prensipal rezidans ou an.

Kay ou a pa denonbrab si w kite kay la pou w al nan yon enstitisyon medikal e

- konjwen w lan ap viv lakay ou oswa sèten lòt fanmi ki satisfè règ presi pou viv lakay ou,
- ou gen lentansyon tounen lakay ou, oswa
- ou gen asirans swen alontèm ki satisfè sèten kondisyon.

Si okenn nan twa sitiyasyon ki make anwo a aplike ak ou, valè kay ou a gendwa konte, men w ap gen nèf mwa pou w vann pwopriyete a (nan sèten ka, w ap menm gen plis tan).

NOTE: Byenke nou gendwa pa konte valè kay ou a, nou gendwa reklame lajan nan siksesyon w apre w mouri, oswa nan vant kay ou a pandan w nan yon etablisman swen alontèm. Pou plis enfòmasyon sou privilèj imobilye e rekouvremant siksesyon, gade pi devan nan paj 34.

Kòman n konte transfè revni, aktif, e kay la

Si oumenm oswa konjwen w fè kado oswa fè transfè aktif oswa revni pou mwens pase valè yo, MassHealth gendwa pa ka peye pou sèvis etablisman swen an (oswa pou sèvis ki egal ak sa ki founi nan yon etablisman swen enfimye(è) pou yon sèten peryòd tan. MassHealth revwa tout transfè, sa gen ladan transfè antre e soti nan fidousi, ki te fè pandan peryòd tan pou jiska 60 mwa anvan dat ou fè aplikasyon pou MassHealth, oswa anvan dat oumenm oswa konjwen w lan antre nan yon enstitisyon medikal, kèlkeswa sa ki rive apre a.

Règ transfè yo aplike nan sa ki annapre la

- moun k ap viv lakay e ka p fè aplikasyon pou oswa k ap resevwa MassHealth baze nan dispans sèvis lakay oswa nan kominote a,
- moun k ap fè aplikasyon pou oswa k ap resevwa MassHealth k ap viv nan yon enstitisyon medikal, e
- tout aktif, sa gen ladan kay ou a, oswa revni w kote oumenm oswa konjwen w lan gen yon enterè legal e ki transfere bay nenpòt moun ki pa konjwen w e sèten lòt. Toutfwa, ou gendwa transfere kay ou a nan sèten kondisyon dapre règ MassHealth yo.

Si w resevwa benefis MassHealth e w transfere pwopriyete pou mwens pase valè l, MassHealth gendwa pran aksyon devan lajistis pou anile transfè a. Sa vle di yon tribinal gendwa detèmine ou toujou legalman pwopriyete pwopriyete a. Pou plis enfòmasyon konsènan rekouvremant siksesyon, gade nan paj 40.

Gade règleman MassHealth nan 130 CMR 520.000. pou w jwenn enfòmasyon siplemantè.

Privilèj sou byen, sa gen ladan kay la

MassHealth ap mete yon privilèj imobilye sou tout pwopriyete kote w gen yon enterè legal, amwenske pwopriyete a se ansyen kay ou a e youn nan fanmi annapre yo ap viv nan pwopriyete a

- konjwen w,
- yon frè oswa sè ki gen yon enterè legal k ap viv la depi omwen yon lane tousuit anvan w ale nan yon etablisman swen alontèm,
- yon pitit ki gen andikap pèmanan e total,
- yon pitit avèk, oswa
- yon pitit ki poko gen 21 an.

Yon privilèj plase sèlman apre MassHealth deside pa gen anpil chans pou w tounen lakay ou apre etablisman swen alontèm lan, e l voye yon lèt ki pou plase yon privilèj. Si w egzeye nan etablisman an e w tounen lakay ou, MassHealth ap wete privilèj la. Si w vann pwopriyete a nan lavi w, MassHealth gen dwa pou l rekipere nan pati pa w nan pwodui a tout lajan li peye pou tout sèvis ou resevwa nan men MassHealth le 1ye avril 1995 oswa apre. MassHealth pral konte tout pwodui ki rete lè l ap deside si ka toujou rete elijib pou MassHealth.

Nan sèten ka, MassHealth gendwa deside pa itilize privilèj li a pandan yon moun ap viv pou l ka ranbouse pou sèvis swen alontèm. Pou enfòmasyon sou ranbousman e asirans alontèm, gade nan paj 34.

Gade règleman MassHealth nan 130 CMR 515.000. pou w jwenn enfòmasyon sipleman.

Montan pasyan an peye

Ou gendwa gen pou w fè yon peman lemwa bay etablisman swen alontèm lan. Sa rele montan pasyan an peye. (Konjwen w k ap viv lakay pa gen pou l kontribye okenn montan nan revni pa nan frè swen ou yo.) Montan pasyan ou peye a detèmine apati dediksyon revni ki annapre la.

Yon moun bezwen yon alokasyon

Montan an (lalwa eta e lalwa federal tabli, lepisouvan se \$72.80 pa mwa) ou gendwa kenbe pou frè pèsònèl, tankou vètman, koupe cheve, e aktivite.

Yon alokasyon pou bezwen alimantè konjwen an

Yon dediksyon, baze sou bezwen finansyè, pou frè pou konjwen w k ap viv lakay ka viv. Alokasyon minimòm lan chanje chak mwa jiyè, e alokasyon maksimòm lan chanje chak mwa janvyè, e l ka varye si konjwen w lan gen plis frè pou lojman. (Gade règleman MassHealth nan 130 CMR 520.000.) Montan maksimòm lan ka plis poutèt yon apèl oswa yon desizyon lajistis.

Yon alokasyon pou bezwen famiyal

Yon dediksyon nan frè pou viv sèten moun nan fanmi a k ap viv avèk konjwen w lan lakay.

Yon alokasyon pou antretyen kay

Yon dediksyon pou frè kay ou a si w selibatè e yon desizyon medikal fèt ki di ou sipoze tounen lakay ou a nan yon delè sis mwa. Montan alokasyon lemwa aktyèl la se \$1,305. (Montan sa a an vigè depi 1ye mas 2025.)

Yon alokasyon pou frè medikal

Yon dediksyon pou prim asirans medikal e sèten lòt frè medikal ki genyen (sa gen ladan frè titèl ki admisib) pa peye pa yon asirè.

Aplike pou MassHealth

Kòman pou fè aplikasyon

1. Ranpli aplikasyon pou moun aje a epitou siplean pou swen alontèm lan.
2. Voye ban nou aplikasyon ki ranpli e siyen an ak sipleman pou swen alontèm lan ak prèv ki make annapre la.
 - Montan revni w lemwa anvan retrè taks e dediksyon (tèlke yon kopi souchèk pansyon w lan oswa lèt atribisyon ou an). Li pa nesèsè pou w voye ban n prèv sou revni sekirite sosyal oswa SSI ou a. Si w ap travay, voye prèv sou revni w lemwa anvan taks e dediksyon, tèlke two dènye souchèk oswa papyè taks ou ranpli Etazini. Si w ap travay endepandan, voye papyè taks ameriken ou ranpli, oswa si w pa plen taks ameriken ou yo, ou gendwa soumèt yon lèt ki deklare pwofi e pèt pou dènye 12 mwa yo yon kontab siyen (oswa oumenm, si w pa sèvi ak kontab). Rejis komèsyal aktyèl ki montre lòt dokiman enpòtan gendwa soumèt kòm prèv akseptab pou travay endepandan.

- Valè aktyèl aktif ou yo (tèlke kopi relve bankè aktyèl ou yo*).
- Estati sitwayèn/estati ameriken ak idantite. (Gade nan Seksyon 8 pou enfòmasyon sou ki kalite prèv, estati nan imigrasyon, e elijiblite ki akseptab pou benefis.)

* An vèti Chapit 125 nan lwa nan lane 2008: Yon lwa relatif nan egzansyon moun aje pou sèten frè bankè, institisyon finansyè pa ka faktire moun aje pou kopi bankè oswa lòt dokiman finansye si MassHealth mande pou enfòmasyon yo.

Nou pral konpare enfòmasyon yo avèk lòt ajans ak lòt sous enfòmasyon lè n resevwa yon aplikasyon, pandan revizyon anyèl ak revizyon peryodik pou nou ka mete ajou oswa pwouve elijiblite.

Ajans ak sous enfòmasyon sa yo ka enkli, men se pa sèlman ajans ki annapre la yo: Sant Federal pou Sèvis Done (Federal Data Services Hub); Depatman Asistans Chomaj (Department of Unemployment Assistance); Biwo eta sivil nan Depatman Lasante Piblik (Bureau of Vital Statistics in the Department of Public Health); Depatman Aksidan nan Travay (Department of Industrial Accidents); Depatman Sèvis Veteran (Department of Veterans' Services); Depatman Revni (Department of Revenue); Biwo Envestigasyon Espesyal (Bureau of Special Investigations); Administrasyon Sekirite Sosyal (Social Security Administration); Verifikasyon Sistematik pou Dwa Etranje yo (Systematic Alien Verification for Entitlements); Depatman Asistans Tranzisyonèl (Department of Transitional Assistance); konpayi asirans maladi, ak bank epi lòt etablisman finansye yo. Yo gendwa pataje enfòmasyon sou moun ki sou aplikasyon w lan bay ni Depatman èd nan chomaj (Department of Unemployment Assistance) ni konpayi kote moun sa yo ap travay jan sa nesesè pou jere egzijans MGL c 149 s 189A sou kontribisyon konpayi travay la pou èd medikal (Employer Medical Assistance Contribution, EMAC).

3. Apre w fin ranpli aplikasyon pou moun aje a ak tout lòt sipleman, voye aplikasyon w lan pa **lapòs oswa faks, bay:**

MassHealth Enrollment Center
 PO Box 290794
 Charlestown, MA 02129-0214
Faks: (617) 887-8799

An pèsòn nan

MassHealth Enrollment Center
 The Schrafft Center
 529 Main Street, Suite 1M
 Charlestown, MA 02129.

Ki kote pou rele

Sonnen nou nan nimewo (800) 841-2900,
 TDD/TTY: 711 si w bezwen sa ki annapre la.

- Aplikasyon pou yon moun aje,
- Yon gid pou moun aje sou kouvèti swen medikal ki ekri nan yon lòt lang,
- Sèvis entèprèt,
- Èd pou ranpli aplikasyon pou moun aje a, oswa
- Èd nan kesyon sou pwosesis aplikasyon an.

SEKSYON 3

Règ spesyal sou elijiblite dapre revni nan MassHealth Standard - pou moun ki gen 65 an oswa plis ki bezwen sèvis swen pèsònèl pou viv lakay li*

- * Seksyon valab sèlman pou moun ki gen yon revni ki plis pase 100% nivo povrete federal la (gade nan tablo ki sou andedan kouvèti dèyè a). Moun nan nenpòt laj ki gen yon revni ki egal oswa ki mwens pase 100% nivo federal povrete a pa bezwen satisfè règleman spesyal sou elijiblite dapre revni pou gen MassHealth oswa gen sèvis yon edan pou swen pèsònèl (personal-care-attendant, PCA) MassHealth peye.

Kòman bezwen mwen yo pou sèvis edan nan swen pèsònèl (PCA) MassHealth aji sou jan MassHealth decide si m ka gen MassHealth?

Si, dapre tablo ki sou andedan kouvèti dèyè a, nou decide revni w plis pase 100% nivo pwovrete federal la e w gen 65 an oswa plis, nou gendwa konte mwens nan revni w andeyò travay lè n ap decide si w ka gen MassHealth. Règ spesyal sou elijiblite baze sou revni ta aplike, ki eksplike annapre a.

Kisa MassHealth vle di nan sèvis PCA?

Tip sèvis ki ofri nan pwogram MassHealth PCA a nan MassHealth Standard gendwa ede w si w yon moun aje e w gen yon andikap pèmanan e ki gen yon dire long ki anpeche fè aktivite toulèjou ou yo, tankou benyen, fè twalèt, mete rad, ale nan twalèt, deplase, pran medikaman ou yo, etc. amwenske gen yon moun ede w fè sa yo. Lè moun resevwa sèvis PCA, gen kèk moun ki ka viv lakay olye pou yo ale nan yon etablisman swen alontèm.

Pou enfòmasyon siplemantè, gade règleman MassHealth PCA nan 130 CMR 422.000.

Kiyès ki ka gen sèvis MassHealth PCA?

Se pa tout moun ki ka gen sèvis MassHealth PCA. Pou gen sèvis PCA, ou dwe

- gen yon andikap pèmanan oswa nan dire long,
- bezwen yon moun ede w fizikman toulèjou pou w fè aktivite ou yo, tankou sa ki site anwo a, ou paka fè poukont ou,
- gen otorizasyon alekri yon doktè ki di ou bezwen sèvis PCA, e
- gen otorizasyon alavans MassHealth.

Kòman pou m di MassHealth m ap resevwa aktyèlman oswa m bezwen sèvis PCA?

Si w ap resevwa aktyèlman oswa w panse ou gendwa bezwen sèvis PCA poutèt andikap ou a, ou gendwa di n sa lè w ranpli yon aplikasyon pou yon moun aje (si w ap fè aplikasyon pou MassHealth). Aplikasyon an gen yon seksyon PCA apa ki gen twa kesyon sou bezwen ou an pou sèvis PCA, jan sa eksplike annapre a.

- Se pou w reponn premye kesyon ki nan seksyon PCA a.
- Si w ap resevwa sèvis MassHealth PCA aktyèlman, e w ta renmen kontinye resevwa sèvis MassHealth PCA, se pou w reponn kesyon 1 nan seksyon PCA a. MassHealth pral voye ba ou yon lèt sou desizyon nou an.
- Si w kwè ou bezwen sèvis PCA, se pou w reponn kesyon 2 ak kesyon 3 nan seksyon PCA a. **Si w reponn “WI” nan kesyon 2 ak 3**, se pou w alò ranpli Sipleman C: Edan nan swen pèsònèl. Sipleman PCA a la tou avèk aplikasyon pou moun aje a e ak fòm renouvèlman an.

Si w aktyèlman yon manm MassHealth, Sipleman PCA Supplement ka ranpli kòm yon fòm apa ou ka jwenn nan [mass.gov/files/documents/2018/11/20/pca-supp.pdf](https://www.mass.gov/files/documents/2018/11/20/pca-supp.pdf).

Kisa k ap rive apre?

N ap egzamine deklarasyon ou an sou bezwen sèvis PCA yo ak Sipleman PCA ou ranpli a pou n decide si w gen sèvis PCA ou bezwen. Nou pral voye ba ou yon lèt sou desizyon nou an.

Kisa m dwe fè si MassHealth dakò m bezwen sèvis PCA?

Si n decide ou bezwen sèvis PCA, e nou konte mwens nan revni w, e n decide ou ka gen MassHealth, se pou w fè sa ki annapre a.

- Se pou w kontakte ajans jesyon swen pèsònèl (personal care management, PCM) MassHealth pou kòmanse resevwa sèvis PCA sou 90 jou apre dat nou decide ou ka gen MassHealth. Pou yon lis ajans MassHealth PCM yo, rele n nan (800) 841-2900, TDD/TTY: 711.
- N ap fè w konnen si w gen pou w ban n prèv ou te kontakte yon ajans PCM MassHealth.

Enpòtan: Lè ajans PCM ou chwazi a asepte w pou sèvis PCA yo, w ap anplwayè PCA ou a. Sa vle di w ap gen pou w jwenn, angaje, fòme, e revoke (si sa nesèsè) pwòp PCA ou a. W ap gen tou pou w suiv règ spesyal pou asire PCA ou a peye alè. Ajans PCM lan ka di w kòman pou w jwenn èd pou responsablite sa yo. MassHealth gendwa pa peye pou sèten moun nan fanmi w kòm PCA ou a.

Pou plis enfòmasyon sou MassHealth Personal Care Attendant Program (pwogram MassHealth edan nan swen pèsònèl), telefonnen n nan (800) 841-2900, TDD/TTY: 711.

Pou tou dènye montan elijiblite yo, monte nan [mass.gov/service-details/eligibility-figures-tables-for-masshealth-applicants-and-members](https://www.mass.gov/service-details/eligibility-figures-tables-for-masshealth-applicants-and-members).

SEKSYON 4

Massachusetts Health Connector

Massachusetts Health Connector ofri aksè nan plan asirans medikal ak asirans dantè pou endividi, fanmi, ak ti antrepriz.

Kouvèti medikal nan Massachusetts Health Connector pa menm ak MassHealth.

Elijiblite pou Health Connector e elijiblite pou Medicare

Si w enskri nan Medicare, ou pa ka chèche yon plan medikal nan Health Connector e ou p ap ka gen yon plan ConnectorCare oubyen Advance Premium Tax Credit pou ede bese frè asirans medikal ou a. W ap sèlman elijib pou yon plan dantè Health Connector san okenn èd finansyè. Sè l eksepsyon nan sa se si w elijib pou yon plan Medicare Part A avèk yon prim, men w poko enskri ladan l. Nan sitiyasyon sa a, ou toujou gendwa kalifye pou kouvèti medikal e pou èd pou peye pou kouvèti medikal nan Health Connector.

Jeneralman, ou ka kalifye pou achte yon plan asirans sante epi/oswa dantè nan Health Connector a si w ranpli kondisyon ki annapre la yo.

- Ou se yon rezidan Massachusetts.
- Ou se yon sitwayen/resòtisan ameriken, oswa ou abite legalman Ozetazini.
- Ou pa nan prizon, amwenske w ap tann pou yon pwosè kòmanse.

Si w gen pou w peye pou Medicare Part A, ou ka chwazi achte yon plan kouvèti medikal nan Health Connector si w gen 65 an oswa plis. Ou gendwa elijib pou yon kredi taks pou bese montan prim lemwa ou a, oswa plan ConnectorCare ki gen ti montan prim e ti frè pou w peye oumenm. Gade nan seksyon "Kredi taks pou prim ki bay davans" ki ananpre a pou plis detay.

Si w pa elijib pou kredi taks oswa plan ConnectorCare, e w ta renmen gen kouvèti medikal nan Health Connector, se ou k ap responsab pou montan total plan an.

Health Connector Plan

Tout plan medikal annapre yo ofri benefis sante konplè, ki gen ladan vizit kay doktè oswa lopital, ak preskripsyon.

- Plan platin yo gen prim ki pi wo, men yo gen kotpa ak franchiz ki pi ba.

- Plan lò ak ajan yo gen prim ki pi ba, men yo gen kotpa ak franchiz ki pi wo.
- Plan bwonz yo genyen prim ki pi ba nèt, men yo gen kotpa ak franchiz ki pi wo nèt.

Doktè, lopital, e lòt founisè gendwa diferan selon rezo a.

Kredi taks pou prim

Kredi taks pou prim se yon jan pou bese montan prim asirans ou an. Montan kredi taks ou a depann sou kantite moun ki nan kòkay ou a, revni w, e montan plan medikal ki disponib pou ou. Ou ka chèche konnen si wi ou non ou kalifye pou yon Kredi taks, epi konbyen Kredi a ap ye aprè ousoumèt yon aplikasyon.

Si w kalifye pou yon kredi taks pou prim, ou ka chwazi pou w jwenn li nan fèn ane a lè w plen taks ou, oswa ou ka sèvi ak li pou peye prim asirans ou an chak mwa, kòm yon kredi taks pou prim ki bay davans. Yo pral voye kredi taks davans lan dirèkteman nan konpayi asirans ou an konsa w ap gen pou peye mwens chak mwa.

Plan ConnectorCare

Anplis de kredi taks pou prim ki bay davans nan men gouvènman federal la, ou ka resevwa èd tou pou peye asirans medikal ou nan Massachusetts atravè yon plan asirans medikal ConnectorCare. Plan ConnectorCare yo se yon seri plan asirans medikal ki gen prim ki pi ba, okenn franchiz, e pi piti kopeman.

Pataj spesyal pou prim endyen ameriken ak natifnatal Alaska

Endyen ameriken ak natifnatal Alaska ka jwenn èd anplis pou peye pou swen yo. Si w se yon endyen ameriken epi ou resevwa sèvis dirèkteman nan yon sant sèvis sante pou endyen, nan yon òganizasyon endyen tribi oswa iben, oswa atravè pwogram sèvis sante sou kontra, ou pa pral gen pou w peye ankenn depans lè w resevwa swen. Epitou w ap ka enskri nan plan asirans oswa chanje plan asirans chak mwa pandan tout ane a. Endyen ameriken ak natifnatal Alaska ki gen revni ki nan oswa ki pi ba pase 300% FPL la pa pral gen pou peye ak lajan pa yo, tankou kotpa, franchiz, ak ko-asirans.

Elijiblite pou kredi taks pou prim ki bay davans ak ConnectorCare

- Plan ConnectorCare e Advance Premium Tax Credit (APTC) yo gendwa disponib pou fwaye ki gen yon salè ki ant 100% e 400% nan nivo povrete federal (FPL) la.
- Kredi taks pou prim ki bay davans (Advance Premium Tax Credits, APTC) gendwa disponib pou kòkay ki gen plis revni. Montan ou kalifye pou w gen an baze sou montan revni w e sou pri plan ki disponib pou ou yo. APTC ede limite pri prim pa mwa yo pou w gen chwa nan plan asirans yo ki pa plis pase 8.5% montan revni kòkay ou a. Epitou ou ka kalifye pou kredi taks si w se yon imigran ki legal nan peyi a epi ki gen revni ki nan oswa ki pi ba pase 100% FPL la.

Pou kalifye pou kredi taks pou prim ki bay davans ak ConnectorCare, w ap gen tou pou w satisfè kondisyon ki make annapre a la.

- Ou pa enskri nan Medicare.
- Ou pa elijib pou Medicare Part A san prim.
- Ou pa ka achte asirans medikal nan men yon anlwayè ki satisfè kondisyon “valè minimòm” lan epi ki nan yon pri abòdab.
- Ou pa elijib pou kouvèti nan yon plan gouvènman an patwone, tankou MassHealth ak TRICARE.
- Ou dakò pou ranpli taks federal ou sou revni pou chak ane w resevwa benefis.
- Ou dakò pou w plen taks ou ansanm ak konjwen w si w marye.

Kòman pou m konnen si plan anlwayè mwen an satisfè nòm valè minimòm lan?

Nòm “valè minimòm” siyifi plan asirans lan pral peye omwen 60% nan pri total sèvis medikal yo pou yon popilasyon tipik. Lòt 40% nan depans yo se manm lan k ap peye l atravè franchiz, kotpa, ak ko-asirans. Pifò plan anlwayè yo satisfè nòm valè minimòm yo. Pou w ka konnen si plan anlwayè w la satisfè nòm sa yo, pale avèk depatman resous imen w lan oswa rele plan asirans lan.

Ki plan anlwayè a "abòdab"?

An fonksyon pwoteksyon pasyan ak Affordable Care Act (ACA), plan anlwayè ou a konsidere pou l abòdab nan lane 2026 si plan ki mwen chè a koute mwens pase 9.96% revni total kòkay ou a.

Kondisyon pou plen taks ou

Pou gen kredi nan taks e plan ConnectorCare, se pou w plent taks federal ou pou lane ou resevwa kredi taks ou oswa yon plan ConnectorCare. Si w marye, se pou w plen taks ou ansanm, amwenske ou viktim abi lakay ou oubyen konjwen w lan delese w. Li pa nesèsè pou w ranpli taks ou pou w resevwa benefis MassHealth, CMSP oswa HSN yo.

Si w te resevwa anvan sa yon kredi taks pou prim ki bay davans (APTC) oswa w te gen yon plan ConnectorCare, konnen ou fèt pou w "mete annakò" avèk IRS tout kredi taks ou te resevwa. Pou w mete l annakò, se pou w ranpli Fòm 8962 IRS la lè w ap plen taks federal ou. Fòm 8962 gen enfòmasyon IRS itilize pou wè si w resevwa bon jan valè kredi taks la ki pou bese prim ou peye nan lane a pou asirans medikal ou a.

Si w resevwa twòp kredi taks davans, ou gendwa dwe kèk oswa tout valè kredi taks la bay IRS. Si w pa resevwa ase kredi taks, ou gendwa resevwa ranbousman valè ou te peye anplis.

Se pou w ranpli Fòm 8962 lè w ap plen taks federal ou chak lane lè w resevwa yon APTC.

Prim

Si w gen yon prim mansyèl, ou fèt pou w peye l chak mwa anvan le 23 nan mwa a. Lè w enskri nan yon plan nan Health Connector, w ap gen pou w peye premye prim lan anvan le 23 nan mwa a pou kouvèti asirans ou a kòmanse.

Kouvèti a kòmanse

Après w fin kalifye pou yon plan asirans medikal oswa yon plan asirans dantè nan Health Connector, ou dwe konplete enskripsyon w lan anvan kouvèti w la ka kòmanse. Pou fini enskripsyon an, ou dwe chwazi yon plan asirans medikal oswa dantè epi peye premye prim lan anvan le 23 nan mwa a. Yonfwa ou fin chwazi yon plan epi w peye premye fakti a, kouvèti w la pral kòmanse sou premye jou nan pwochen mwa a.

SEKSYON 5

Health Safety Net

Health Safety Net la (HSN) peye lopital ki bay swen ijan nan Massachusetts ak sant sante nan kominote yo pou kèk sèvis swen medikal yo bay malad ki gen revni ba. HSN peye pou sèvis li bay rezidan Massachusetts kote revni kòkay la a 300% oswa pi ba pase nivo povrete federal la. Se MassHealth ki detèmine elijiblite pou HSN.

Kiyès ki ka jwenn benefis

HSN ka peye pou kèk sèvis ou resevwa nan yon lopital ki bay swen ijan oswa yon sant sante kominotè si w se yon rezidan Massachusetts epi ou pa gen asirans oswa pa gen ase asirans (asirans medikal ou a pa kouvri tout sèvis ki medikalman nesèsè).

Estanda sou revni

Ou dwe ban nou prè revni brit ajiste ki modiyè (MAGI) pou chak moun ki nan kòkay ou a. HSN jeneralman kouvri moun kote revni kòkay ki nan oswa ki pi ba pase 300% nivo povrete federal la. Si revni w la pi wo pase 150% nivo povrete federal la, epi li nan oswa pi ba pase 300%, ou ka gen pou peye yon franchiz anyèl ki baze sou revni a. Franchiz la se yon sèten montan depans pou frè medikal ou responsab pou peye. Toude fakti ki peye ki ki pa peye ka konte nan montan franchiz ou a. Sèl sèvis HSN ka peye ap konte pou dediktib ou a. Fakti doktè prive e laboratwa prive oswa radyoloji pa konte pou dediktib la, menm si ou resevwa sèvis sa yo nan yon lopital. Mande founisè w la ki fakti ou ka konte nan montan franchiz ou a.

Sèvis ki kouvri

Pou HSN, se yon lopital ki bay swen ijan oswa yon sant sante kominotè nan Massachusetts ki pou bay sèvis yo. HSN jeneralman pral peye pou menm sèvis MassHealth Standard kouvri. HSN peye pou kèk sèvis famasi, men ou dwe ranpli preskripsyon w nan yon famasi ki asosye avèk doktè ki te ekri preskripsyon w lan. Kapab gen kèk limit, kidonk ou dwe toujou tyeke avèk yon founisè pou wè si yo ofri sèvis la. Yo ka chaje w yon franchiz.

Kèk nan sèvis ki pa kouvri

Kèk nan sèvis ki pa kouvri yo site isit la. Ou ta dwe tyeke avèk founisè w la pou ka gen lis konplè ki fè konnen sa ki kouvri ak sa ki pa kouvri.

- Doktè ki pa anplwaye lopital la, menm si yo travay nan lopital la
- Sèvis anbilans
- Chaj laboratwa kote se pa yon lopital ki bay swen ijan oswa sant sante kominotè nan Massachusetts ki voye fakti a
- Sèvis radyoloji kote se pa yon lopital ki bay swen ijan oswa sant sante kominotè nan Massachusetts ki voye fakti a

- Ekipman medikal dirab, eksepte pou beki ak baton yo ba w pandan yon vizit medikal
- Sèvis non-medikal (sosyal, edikasyonèl, vokasyonèl)
- Sèvis ki pa medikalman nesèsè
- Sèvis eksperimantal oswa ki pa pwouve

Ou ka jwenn yon deskripsyon ki pi detaye sou sèvis ki kouvri ak tout limit ki genyen nan règleman HSN yo nan 101 CMR 613.00.

Kouvèti a kòmanse

Si nou resevwa tout enfòmasyon nou bezwen nan yon peryòd 90 jou epi w elijib, elijiblite HSN ou a kòmanse jiska 10 jou anvan dat MassHealth resevwa aplikasyon w lan. Mande founisè a si w retwoaktivman elijib pou HSN.

Estanda revni pou franchiz

Si revni MAGI w la pi wo pase 150% nivo povrete federal la, ou ka petèt responsab pou yon franchiz. Yon franchiz HSN egal ak swa frè anyèl aktyèl prim masyèl ConnectorCare ki pi ba a (\$636 ki kòmanse nan dat gid pou moun aje sa a pibliye), oswa 40% nan diferans ki genyen ant revni MAGI ki pi ba nan faktirasyon prim pou gwoup fanmi w lan ak 200% nivo povrete federal la, kèlkeswa sa ki pi plis la.

Difikilte Medikal

Difikilte Medikal se yon kalite èd HSN ki disponib pou moun oubyen fanmi moun sa yo ki gen frè medikal ki si tèlman anpil yo pa ka peye bòdwò medikal yo. Konseye finansyè gendwa ranpli aplikasyon pou difikilte medikal swa nan lopital swen ijan oswa nan sant medikal kominotè. Moun pa kapab ranpli aplikasyon plis pase defwa nan yon peryòd 12 mwa.

Pwosesis pou pote plent

Pasyan yo gendwa mande pou HSN revize yon elijiblite pou difikilte medikal oswa pou wè si founisè a ap suiv règleman HSN yo. Pou pote yon plent nan HSN, voye yon lèt bay

Health Safety Net Office
Attn. HSN Grievances
100 Hancock Street, 6th Floor
Quincy, MA 02171.

Lèt sa a dwe genyen non w ak adrès ou, epi, si posib, enfòmasyon konsènan sitiyasyon an, rezon pou plent lan, non founisè a (si gen yon founisè ki enplike), ansanm ak tout lòt enfòmasyon ki enpòtan. Si w gen kesyon konsènan pote yon plent kont HSN, sonnen nimewo pou asistans telefoni HSN nan (877) 910-2100.

SEKSYON 6

MassHealth e lòt benefis

Tip kouvèti MassHealth yo eksplike kout nan pwochen paj yo. Si w ta gen yon kesyon sou ki sèvis ki kouvri, rele nou nan (800) 841-2900, TDD/TTY: 711.

Tip Kouvèti MassHealth yo

Standard

MassHealth Standard se kouvèti pi konplè MassHealth ofri. Li peye pou anpil benefis swen medikal, sa gen ladan sèvis swen alontèm oswa sejou kout nan yon etablisman swen enfimye(è) spesyalize.

Estati nan imigrasyon e MassHealth Standard

Menm si ou kwè ou pa ka gen MassHealth Standard poutèt estati w nan imigrasyon, ou toujou ka kalifye si w satisfè sèten règ klinik, sou revni, e sou aktif.

Dat kouvèti a kòmanse (si w elijib)

Kouvèti jeneralman kòmanse premye dat nan mwa MassHealth resevwa aplikasyon w lan pou moun aje a ki ranpli e siyen. Si w gen fakti medikal ki pa peye, kouvèti a gendwa kòmanse jiska twa mwa anvan mwa aplikasyon w lan si w ka bay prèv ou ta satisfè règ elijiblite. Si w ap fè aplikasyon pou swen alontèm lakay ou oubyen nan yon etablisman, dat kouvèti w la kòmanse dwe satisfè lòt règ.

Sèvis ki kouvri

Pou MassHealth CarePlus, sèvis ki kouvri yo enkli sa ki annapre la. Ka gen kèk limit. Founisè swen medikal ou a ka eksplike yo ba ou.

- Sèvis lopital pou malad ki entène.*
- Sèvis pou malad ki pa entène: lopital, klinik, doktè, dantis, ak swen medikal lakay.
- Sèvis medikal: analiz laboratwa, radyografi, terapi, medikaman preskripsyon, ganiti, linèt, aparèy oditif, ekipman ak founiti medikal.*
- Sèvis akiponkti.**
- Sèvis pou sante mantal e toksikomani: entène e pa entène.
- Sèvis nan loispis - gen aplikasyon règ spesyal.
- Famasi.**
- Transpò - gen aplikasyon règ spesyal.
- Sèvis edan nan swen pèsònèl - gen aplikasyon règ spesyal.
- Sèvis swen alontèm - gen aplikasyon règ spesyal.
- Sèvis lè entène lopital pou maladi kwonik e reyedikasyon - gen aplikasyon règ spesyal.
- Swen lajounen pou moun majè e foster care pou moun majè.
- Swen ak sèvis ki konsène pwosedi grèf ògàn (si l apwouve).

- Peman pou pataj frè Medicare - prim Medicare Part A ak Part B e kotpa ak dediktib Medicare ki pa pou famasi.

* Ou ka jwenn sèten restriksyon nan règleman MassHealth nan 130 CMR 415.000.

** Ou ka jwenn sèten restriksyon nan règleman MassHealth nan 130 CMR 447.000.

Ou ka jwenn yon lis konplè ak yon deskripsyon ki pi detaye sou sèvis ki kouvri yo nan règleman MassHealth nan 130 CMR 450.105

MassHealth CommonHealth

MassHealth CommonHealth ofri benefis swen medikal tankou MassHealth Standard pou adilt ki andikape ki paka jwenn MassHealth Standard. Benefis gendwa gen ladan sèvis nan yon etablisman swen espesyalize pou jiska sis mwa.

Kiyès ki ka jwenn benefis

Ou gendwa ka gen MassHealth CommonHealth si w yon rezidan Massachusetts e w yon moun maje ki gen andikap k ap travay pandan 40 èdtan oswa plis nan yon mwa oswa ap travay aktyèlman e te travay pou omwen 240 è nan sis dènye mwa yo tousuit anvan mwa aplikasyon an. Ou gendwa ka gen MassHealth CommonHealth tou menm si ou p ap travay, men ou t ap resevwa CommonHealth pou omwen dis lane.

Se MassHealth ki deside si w andikape dapre nòm lwa federal oswa leta fikse. Pou yon adilt, jeneralman sa vle di ou gen yon pwoblèm mantal oswa fizik ki sevèman limite kapasite w pou travay oswa pou fè kèk aktivite pandan omwen 12 mwa.

Estanda revni

Si revni kòkay ou a pi wo pase 150% FPL la, ou pral gen pou w peye prim mansyèl. Montan prim lan baze sou

- revni mansyèl ou, jan sa konpare avèk FPL la;
- konbyen moun nan kòkay ou a; ak
- si w gen lòt asirans medikal.

Si w oblije peye yon prim, nou pral di w ki montan pou w peye epi n ap voye yon fakti ba w chak mwa.

Sèvis ki kouvri

Pou MassHealth CarePlus, sèvis ki kouvri gen ladan sa ki site annapre la. Ka gen kèk limit. Founisè swen medikal ou a ka eksplike yo ba ou.

- Sèvis lopital pou malad ki entène.*
- Sèvis pou malad ki pa entène lopital: lopital, klinik, doktè, dantis, planin familyal, swen pou zye.
- Sèvis medikal: analiz laboratwa, radyografi, terapi, sèvis famasi, linèt, aparèy zòrèy pou tande, ekipman e founiti medikal, swen lajoun pou adilt, e foster care pou adilt.
- Sèvis akiponkti.***
- Sèvis sante sou konpòtman (pwoblèm sante mantal ak pwoblèm pa ka viv san dwòg oswa alkòl).
- Sèvis swen pou lontan adomisil oswa nan yon etablisman swen pou lontan, ikonpri sèvis swen adomisil.
- Sèvis transpò.**
- Sèvis pou sispann fimèn.

* Ou ka jwenn sèten restriksyon nan règleman MassHealth nan 130 CMR 415.000.

** Ou ka jwenn sèten restriksyon nan règleman MassHealth nan 130 CMR 407.000.

*** Ou ka jwenn sèten restriksyon nan règleman MassHealth nan 130 CMR 447.000.

Ou ka jwenn yon lis konplè ak yon deskripsyon ki pi detaye sou sèvis ki kouvri yo nan règleman MassHealth nan 130 CMR 450.105.

Family Assistance

MassHealth Family Assistance disponib pou moun aje ki satisfè règ sou revni e aktif pou MassHealth Standard, men gen yon estati nan imigrasyon ki anpeche yo gen MassHealth Standard. Family Assistance peye pou sejou akoutèm nan yon etablisman swen spesyalize pou jiska sis mwa. Family Assistance pa peye pou swen alontèm men si yon manm elijib klinikman pou l resevwa sèvis nan yon etablisman swen spesyalize oswa sèvis ak soutyen alontèm pandan l ap viv lakay li e satisfè règ sou revni e aktif pou MassHealth Standard, li gendwa elijib pou MassHealth Standard.

Dat kouvèti a kòmanse (si w elijib)

Kouvèti jeneralman kòmanse premye dat nan mwa MassHealth resevwa aplikasyon w lan pou moun aje a ki ranpli e siyen. Si w gen fakti medikal ki pa peye, kouvèti a gendwa kòmanse jiska twa mwa anvan mwa aplikasyon w lan si w ka bay prèv ou ta satisfè règ elijiblite.

Sèvis ki kouvri

Pou MassHealth Family Assistance, sèvis ki kouvri gen ladan sa ki annapre la. Ka gen kèk limit. Founisè swen medikal ou a ka eksplike yo ba ou.

- Sèvis lopital pou malad ki entènè.*
- Sèvis pou malad ki pa entènè: lopital, klinik, doktè, ak dantis.
- Sèvis medikal: analiz laboratwa, radyografi, terapi, medikaman preskripsyon, ganiti, ekipman ak founiti medikal.*
- Sèvis akiponkti.**
- Sèvis pou sante mantal e toksikomani: entènè e pa entènè.
- Famasi.***
- Transpò nan anbilans pou yon pwoblèm medikal ijan sèlman.

* Gendwa gen kèk limit, sa gen ladan laj tou.

** Ou ka jwenn sèten restriksyon nan règleman MassHealth nan 130 CMR 447.000

*** Si w elijib pou ni Medicare ni MassHealth, Medicare ofri pifò nan kouvèti pou medikaman ou achte avèk preskripsyon atravè yon plan Medicare pou medikaman ou achte avèk preskripsyon. Sa vle di ou dwe chwazi epi enskri nan yon plan Medicare pou medikaman ou achte avèk preskripsyon. Si w pa chwazi yon plan medikaman, Medicare pral chwazi youn pou ou. Ou ka chanje plan nenpòt lè.

Èd dijans pou moun aje, moun ki gen andikap ak timoun (EAEDC)

Moun ki gen 65 an oswa plis k ap resevwa asistans lajan kach nan pwogram Depatman Asistans Tranzisyonèl EAEDC elijib pou MassHealth Standard oswa MassHealth Family Assistance.

NOTE: Si w ap resevwa benefis kach nan pwogram EAEDC a nan Depatman Asistans Tranzisyonèl la, w ap gen kouvèti medikal tou nan pwogram EAEDC a.

MassHealth Limited

MassHealth Limited disponib pou moun ki gen 65 an oswa plis ki satisfè règ sou revni e aktif pou MassHealth Standard oswa MassHealth Family Assistance, men gen yon estati nan imigrasyon ki anpeche yo gen MassHealth Standard oswa Family Assistance. MassHealth Limited pa peye pou swen alontèm. Kouvèti pou sèvis medikal ijan sèlman.

Dat kouvèti a kòmanse (si w elijib)

Kouvèti jeneralman kòmanse premye dat nan mwa MassHealth resevwa aplikasyon w lan pou moun aje a ki ranpli e siyen. Si w gen fakti medikal ki pa peye, kouvèti a gendwa kòmanse jiska twa mwa anvan mwa aplikasyon w lan si w ka bay prèv ou ta satisfè règ elijiblite.

Sèvis ki kouvri

Pou MassHealth Limited, sèvis ki kouvri gen ladan sa ki annapre la. Ou ka sèlman gen swen pou ijans medikal (kondisyon ki gendwa lakòz gwo danje si l pa trete). Ka gen kèk limit. Founisè swen medikal ou a ka eksplike yo ba ou.

- Sèvis lopital pou malad ki entènè: sèlman sèvis dijans.
- Sèvis ijans nan lopital pou malad ki pa entènè epi pou vizit dijans nan depatman saldijans.
- Sèten sèvis medikal doktè ak klinik bay nan etablisman ki pa yon lopital.
- Sèvis famasi \pou trete yon pwoblèm medikal ijan.
- Transpò nan anbilans pou yon pwoblèm medikal ijan sèlman.

Pwogram ekonomi Medicare MassHealth

Pwogram ekonomi Medicare MassHealth la ede peye pou kèk nan frè Medicare ou gen pou w peye ak lajan pa w. Si w kalifye MassHealth pral peye pou prim Medicare Part B chak mwa ou a. Nan sèten sitiyasyon, yon pwogram ekonomi Medicare gendwa peye pou frè ou en pou peye oumenm pou Medicare Part A ak Part B ak prim Part A ou a si w gen youn. Si w gen yon pwogram ekonomi Medicare, w ap enskri otomatikman tou nan pwogram Medicare Part D Extra Help la tou, ki ka ede nan frè famasi yo.

Dat kouvèti a kòmanse

Kouvèti kòmanse avèk mwa MassHealth resevwa aplkasyon w lan pou moun aje ou ranpli e siyen an e gendwa kòmanse jiska twa mwa anvan mwa aplikasyon w lan.

Pou plis enfòmasyon sou pwogram ekonomi Medicare la, gade nan 130 CMR 519.010 ak 519.011.

Gen yon lis konplè ak detay sou sèvis ki kouvri yo nan règleman MassHealth nan 130 CMR 450.105, CMR 415.000 (sèvis lopital pou malad ki entène), ak 407.000 (sèvis tranpò). Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou kotpa nan 130 CMR 450.130.

Lòt pwogram

Pwogram chwa swen pou moun aje (SCO)

Kisa li ye e pou kijès li ye

Chwa swen pou moun aje (Senior Care Options, SCO) se yon pwogram medikal konplè ki kouvri tout sèvis ki peye nòmalman nan Medicare ak MassHealth. Pwogram SCO a founi sèvis bay manm yo nan yon plan SCO ak founisè ki nan rezo li a. SCO founi swen medikal kalifye nan konbinezon sèvis medikal ak sèvis sipò sosyal. Li fè sa nan kowòdinasyon swen ak sèvis sipò jeryatri spesyalize, ansanm ak swen repi pou fanmi ak edan.

Pa gen kotpa pou manm ki enskri nan SCO.

Enskripsyon louveri pou manm MassHealth Standard ki satisfè kritè ki annapre la:

- Ou gen 65 an oswa plis.
- W ap viv lakay ou oswa yon etablisman swen alontèm (yon manm pa ka entène nan yon lopital pou swen kwonik oswa reyedikasyon, oswa ap viv nan yon etablisman swen entèmedyè pou moun ki gen andikap entelektyèl).
- Ou pa sijè yon peryòd franchis pou sis mwa an vèti règleman MassHealth nan 130 CMR 520.000.
- Ou pa gen dyagnostik ensifizans renal tèminal.
- W ap viv nan yon zòn yon plan SCO sèvi.

SCO ofri moun aje benefis sèvis swen ki kowòdone. Manm ki enskri nan SCO gen 24 è pou jwenn swen e patisipasyon aktif nan desizyon sou swen medikal pa yo a. Manm SCO gen yon founisè swen primè (primary care provider, PCP) ki afilye ak plan SCO a. PCP e ekrip enfimye(è), spesyalis, e yon kowòdinatè sèvis soutyen jeryatri manm lan travay ak manm lan (ak fanmi oswa edan, si genyen) pou tabli yon plan swen pou okipe sa manm lan bezwen.

Gen nan sèvis ki kouvri yo tout sèvis MassHealth ak Medicare kouvri, pa egzanp: livrezon repa, transpò, sante lajounen pou adilt, sèvis sosyal, preskripsyon (kouvèti Medicare pou medikaman ki vann ak preskripsyon), ospitalizasyon, ak, si l nesèsè, plasman nan yon etablisman swen.

Enskripsyon nan SCO fèt volontèman, e depi yon manm enskri li gendwa dezenskri nan nenpòt ki mwa nan ane a.

Ki kote pou rele

Senior Care Options nan (888) 885-0484, TDD/TTY: 711.

Benefis MassHealth annapre yo se kèk nan soutyen kominotè, rezidansyèl, e nan enstitisyon ki disponib pou moun ki gen 65 an oswa plis oswa pou moun ki gen andikap.

Foster care an gwoup pou moun majè

Si w bezwen èd pou swen pèsònèl ou toulèjou e w gen pou w viv nan lojman ki founi soutyen oswa yon rezidans ki gen founi sèvis, foster care pou moun majè gendwa konvni w. Si w ap fè aplikasyon pou foster care an gwoup pou moun majè avèk èd, aranjman SSI-G a nan biwo sekirite sosyal la gendwa yon bon.

Foster care pou moun majè

Si w bezwen èd pou swen pèsònèl ou toulèjou, e w ta renmen jwenn swen sa a nan yon etablisman ki tankou yon kay, sa gendwa se foster care pou moun majè ki konvni w.

Sante lajounen pou moun majè

Si w bezwen èd nan swen pèsònèl ak/oswa sèvis enfimye(è) ki founi nan yon etablisman pwogram lajounen ki estriktire avèk sipèvizyon medikal, sa gendwa se sante lajounen pou moun majè ki konvni w.

Pwogram abilitasyon lajounen

Si w yon moun ki gen andikap entelektyèl oswa devlopmantral e w bezwen èd pou devlopman konpetans pou ede w kontinye gen endepandans ou nan kominote a, sa gendwa se pwogram abilitasyon lajounen an ki konvni w.

Swen nan etablisman swen enfimye(è)

Si w bezwen sèvis enfimye(è) spesyalize ki founi nan yon etablisman enstitisyonèl nan yon peryòd tan kout oswa long, sa gendwa se swen nan etablisman swen enfimye(è) ki konvni w.

Kondisyon ki pou satisfè make annapre a.

- Apwobasyon yon doktè ki di sèvis sa yo konvni w.
- Apwobasyon medikal ki di sèvis sa yo konvni w.**
- Bezwen swen pèsònèl toulèjou.**
- Kondisyon finansyè jan sa dekri nan gid la.

** Pa obligatwa pou pwogram abilitasyon lajounen an

Ki kote pou rele

Pou kesyon finansyè jeneral sou MassHealth, telefonnen nan (800) 841-2900, TDD/TTY: 711.

SEKSYON 7

Dwa ou genyen, responsablite w, ak lòt enfòmasyon enpòtan ou dwe konnen sou MassHealth

Non deskriminasyon

MassHealth konfòme ak lwa ki aplikab sou dwa sivil eta e federal yo. Nou pa fè diskriminasyon, pa ekskli moun, e n pa trete moun lòt jan an rezon ras, koulè po, peyi natifnatal, laj, andikap, relijyon, oryantasyon seksyèl, oubyen sèks (sa gen ladan idantite jann, gwosès, akouchman, e kondisyon medikal ki asosye) moun lan.

MassHealth founi èd e sèvis gratis pou moun ki gen andikap pou yo byen kominike avè n.

- Entèprèt ki kalifye pou langaj an siy
- Enfòmasyon alekri nan lòt lang ak nan lòt fòma, sa gen ladan gwo karaktè, bray, e fòma elektwonik ki aksesib, konfòmeman ak kondisyon lwa federal e lwa eta a.

Nou ofri tou sèvis linguistik gratis pou moun ki pale yon lang manman ki pa anglè. Sèvis sa yo gen nan yo eleman ki annapre yo.

- Entèprèt kalifye
- Enfòmasyon ekri nan lòt lang

Si w bezwen sèvis sa yo, kominike avè n nan nimewo (800) 841-2900, TDD/TTY: 711.

Si w kwè MassHealth manke founi w sèvis sa yo oswa l fè yon lòt diskriminasyon poutèt ras, koulè po, peyi natifnatal, laj, andikap, relijyon, oryantasyon seksyèl oswa sèks (sa gen ladan idantite jann, gwosès, akouchaman, e kondisyon medikal), ou gendwa pote yon plent bay:

Section 1557 Compliance Coordinator
1 Ashburton Place, 11th Floor
Boston, MA 02108

Telefòn: (800) 368-1019, TTY/TDD: (800) 537-7697
Faks: (617) 889-7862, oswa

Imèl: Section1557Coordinator@state.ma.us.

Si w bezwen èd pou w pote yon plent, ajan konfòmite seksyon 1557 la ka ede w fè sa.

Men lòt jan ou ka pote yon plent sou dwa sivil bay Depatman sante ak sèvis sosyal Etazini Damerik, Biwo dwa sivil (U.S. Department of Health and Human Services, Office for Civil Rights):

Elektwonik nan biwo pòtay plent sou dwa sivil nan <https://ocrportal.hhs.gov/ocr/portal/lobby.jsf>

Lapòs

US Department of Health and Human Services
200 Independence Avenue SW.
Room 509F, HHH Building
Washington, DC 20201, oswa
Telefòn nan (800) 368-1019,
TTY/TDD: (800) 537-7697.
Fòm pou pote plent yo disponib nan
www.hhs.gov/ocr/office/file/index.html.

Enfòmasyon prive e konfidansyalite

MassHealth ak Massachusetts Health Connector a angaje l pou l kenbe konfidansyèl enfòmasyon pèsònèl ou yo. Tout enfòmasyon pèsònèl nou gen sou moun k ap aplike oswa sou manm se enfòmasyon konfidansyèl, sa gen ladan done medikal, kondisyon sante, ansanm ak enfòmasyon pèsònèl ou ban nou pandan w ap fè aplikasyon pou jwenn ak pou resevwa benefis. Yo paka itilize oswa divilge enfòmasyon sa a pou bi ki pa gen rapò ak administrasyon MassHealth oswa Health Connector a, san w pa bay pèmasyon w amwenske lalwa oswa yon lòd tribinal egzije sa.

Ou ka ban nou pèmasyon alekri pou nou itilize enfòmasyon medikal pèsònèl ou pou yon bi presi oswa pataje l avèk yon moun oswa yon òganizasyon presi. Ou ka ban nou pèmasyon w tou pou nou pataje enfòmasyon pèsònèl ou avèk reprezantan w ki otorize a, konseye ki sètifye pou aplikasyon (Certified Application Counselor, CAC), oswa moun nan kap gide w (navigatè), si w gen youn, lè w ranpli yon fòm deziyasyon pou reprezantan otorize (Authorized Representative Designation Form, ARD), yon fòm deziyasyon pou konseye ki sètifye pou aplikasyon (Certified Application Counselor Designation Form), oswa yon fòm deziyasyon pou moun nan kap gide w (Navigator Designation Form). Nou gendwa kominike avèk ou pou n distribye enfòmasyon ki koresponn ak avantaj medikal epi byennèt ou gendwa elijib pou w resevwa.

Pou plis enfòmasyon konsènan fason MassHealth ak Health Connector a ka itilize epi pataje enfòmasyon w epi ki dwa ou genyen konsènan enfòmasyon w, tanpri revize notis sou pratik lavi prive MassHealth (MassHealth Notice of Privacy Practices) ak règleman sou lavi prive Health Connector a (Health Connector's Privacy Policy). Ou ka jwenn yon kopi notis sou pratik lavi prive MassHealth lè w rele n nan nimewo (800) 841-2900, TDD/TTY: 711 oswa

lè w monte nan mass.gov/masshealth. Ou ka gade politik sou lavi prive Health Connector nan mahealthconnector.org/site-policies/privacy-policy.

Reprezantan otorize

Yon reprezantan otorize se yon moun ou chwazi pou l ede w jwenn kouvèti swen medikal nan pwogram MassHealth ak Massachusetts Health Connector ofri. Ou ka fè sa lè w ranpli fòm ki rele Authorized Representative Designation Form (ARD). Yon reprezantan otorize ka ranpli aplikasyon w lan oswa fòm pou revizyon elijiblite; li ka bay prèv pou fòm elijiblite sa yo; rapòte chanjman nan revni w, adrès ou, oswa lòt sikonstans; resevwa kopi tout notis sou elijiblite oswa enskripsyon MassHealth oswa Health Connector voye ba ou; epi li ka aji onon w nan tout bagay ki gen rapò ak MassHealth oswa Health Connector.

Yon reprezantan otorize ka yon zanmi, yon fanmi, oswa yon lòt moun oswa òganizasyon ou chwazi epi ki dakò pou ede w. Se oumenm ki pou chwazi yon reprezantan otorize si w vle gen youn. MassHealth oswa Health Connector pa pral chwazi yon reprezantan otorize pou ou.

Ou dwe deziye alekri sou fòm ARD moun oswa òganizasyon ou vle ki pou sèvi kòm reprezantan otorize w la. Nan pifò ka, reprezantan otorize w la dwe ranpli fòm sa a tou. W ap jwenn fòm sa a nan pakè aplikasyon an, oswa ou ka rele n nan (800) 841-2900, TDD/TTY: 711, oswa monte nan mass.gov/masshealth pou w jwenn youn. Tanpri gade enstriksyon sou fòm lan pou plis detay.

Yon reprezantan otorize ka yon moun tou ki gen aji ak responsablite onon w si w paka deziye yon reprezantan otorize alekri akoz yon pwoblèm fizik oswa mantal, oswa yon moun lalwa te nonmen pou l aji nan non w oswa nan non siksesyon w. Moun sa a pral ranpli tout pati ki aplikab nan fòm ARD a. Si se lalwa ki te nonmen moun sa a pou l reprezante w, swa oumenm swa moun sa a dwe soumèt yon kopi dokiman legal ki aplikab la bay MassHealth oswa Health Connector, ki deklare moun sa a reprezante oumenm oswa siksesyon w legalman. Moun sa a ka yon gadyen legal, konsèvatè, gen pwokirasyon legal oswa manda pou swen medikal, oswa si aplikan an oswa, manm lan mouri, li ka vin administratè oswa egzèkité siksesyon an.

Pèmisyon pou pataje enfòmasyon

Si w vle nou pataje enfòmasyon medikal pèsònèl ou, sa gen ladan kopi lèt sou elijiblite w, bay yon moun ki pa reprezantan otorize w, ou ka ban nou pèmisyon alekri pou sa fèt. Nou gen yon fòm ou ka itilize pou fè sa. Rele n oswa monte nan mass.gov/masshealth pou w jwenn yon kopi bon fòm lan.

Rapòte chanjman yo

Ou dwe di n sou tout chanjman ki gendwa aji sou elijiblite w sou 10 jou apre chanjman an oswa osito l posib. Gade nan Seksyon 9, Ki kote pou jwenn èd, pou w jwenn enfòmasyon sou ki kote pou w fè rapò sou chanjman. Chanjman sa yo gendwa gen ladan yo, men se pa sa sèlman

- revni
- asirans medikal
- aktif
- estati nan imigrasyon
- estati sou andikap
- adrès

Si w pa kite n konnen sou chanjman yo, benefis MassHealth ou yo gendwa sispann e w pa p ka sèvi ak kat MassHealth la.

Bay enfòmasyon ki kòrèk

Lè w bay enfòmasyon ki pa kòrèk oswa ki fo sa ka lakòz ou pèdi benefis ou yo. Epitou sa ka gen kòm rezilta amann, anprizònman, oswa toulède.

Desizyon nou ak dwa w pou fè apèl

Nou pral voye yon preyavi ba w pou fè w konnen si ou kapab oswa ou pa kapab jwenn youn nan tip oswa pwogram kouvèti MassHealth, plan ConnectorCare, oswa Health Safety Net. Si w pa kwè desizyon nou an yon bon desizyon, ou gen dwa pou mande pou yon odyans san patipri pou fè apèl sou desizyon nou an. Notis yo genyen enfòmasyon ki eksplike fason pou mande pou yon odyans san patipri epi konbyen tan ou genyen pou mande pou youn.

Konsilte Board of Hearings la ki nan Seksyon 10 pou ka wè ki kote pou voye demann pou odyans san patipri a. Si w gen kesyon konsènan yon notis MassHealth oswa fason pou mande pou yon apèl, telefonnen nan (800) 841-2900, TDD/TTY: 711.

Si w gen kesyon konsènan yon apèl pou Health Connector, rele Health Connector telefonnen nan (877) 623-6765.

Si w gen kesyon konsènan yon plent kont Health Safety Net, rele sant sèvis kliyan Health Safety Net la nan (877) 910-2100. Yo fè detèminasyon Health Safety Net yo atravè MassHealth.

Enfòmasyon pou jwenn sèvis medikal lè nan MassHealth Standard, Family Assistance, oswa Limited

Apwobasyon davans

Pou kèk sèvis medikal, doktè w oswa pwofesyonèl swen medikal ou a dwe gen apwobasyon MassHealth dabò. Se sa yo rele apwobasyon davans (prior approval, PA). Ou pa bezwen PA MassHealth pou sèvis medikal Medicare kouvri yo.

Si w gen lòt asirans medikal

Si w gen tou Medicare, Medigap, oswa lòt kalite asirans medikal, founisè swen medikal ou a dwe faktire lòt asirè yo. MassHealth pral pete tout kotpa oswa franchiz ki rete. **Founisè swen medikal ou a pa dwe faktire w pou yon sèvis oswa yon pati nan yon sèvis MassHealth kouvri.**

NOTE: MassHealth pa p peye okenn pati nan montan sèvis yon lòt asirans medikal kouvri.

Depans ou peye ak lajan pa w

Nan kèk ka, MassHealth remèt ou lajan ou te peye anvan ou resevwa notis MassHealth ki fè konnen yo apwouve w. Nou gendwa fè sa si

- nou te di w ou pa elijib epi apres a nou te wè desizyon nou an pa kòrèk; oswa
- ou te peye pou yon sèvis medikal MassHealth kouvri epi ou te resevwa sèvis sa a anvan nou te fè w konnen ou te ka jwenn MassHealth. Nan ka sa a, founisè swen medikal ou a dwe remèt ou lajan ou te deja peye a epi li dwe voye fakti a bay MassHealth pou sèvis la. Founisè a dwe aksepte pèman MassHealth la kòm pèman okonplè.

Si oumenm oswa manm fanmi w fè yon aksidan

Si oumenm oswa nenpòt manm nan fanmi w enplike nan yon aksidan oswa blese nan kèk lòt fason, epi oumenm oswa manm fanmi w resevwa lajan nan men yon tyès pati akòz aksidan oswa blesi sa a, oumenm oubyen yo pral bezwen itilize lajan sa a pou reapeye nenpòt pou ki te peye pou depans medikal ki gen rapò ak aksidan oswa blesi sa a.

- Ou pral gen pou peye MassHealth pou sèvis MassHealth te kouvri.
 - Si w ap aplike pou MassHealth akòz yon aksidan oswa yon blesi, ou pral gen pou itilize lajan an pou repeye tout depans MassHealth te fè pou tout sèvis medikal oumenm ak manm fanmi w te resevwa.
 - oumenm oswa nenpòt manm fanmi w enplike nan yon aksidan, oswa blese nan kèk lòt fason, aprè w fin elijib pou MassHealth, ou pral gen pou itilize lajan sa a pou repeye sèlman depans MassHealth te kouvri pou sèvis medikal ou te resevwa akòz aksidan oswa blesi sa a.
- Ou pral gen pou peye Massachusetts Health Connector oswa konpayi asirans medikal ou a pou kèk sèvis medikal yo te ba w.
- Ou pral gen pou peye Health Safety Net (HSN) pou sèvis medikal yo te ranbouse w ak nenpòt manm nan fanmi w.
- Ou dwe fè MassHealth, konpayi asirans ou an sa gen ladan plan ConnectorCare yo, oswa HSN, konnen alekri nan yon delè 10 jou sivil, oswa lepli vit posib, si ou fè yon reklamasyon pou asirans oswa ou antame yon pwosè akòz yon aksidan oswa blesi oumenm oswa manm kòkay ou a te fè k ap aplike pou benefis oswa ki deja genyen benefis. Tyès pati ki kapab ba w oswa bay manm fanmi w lajan akòz yon aksidan oswa blesi enkli pati ki pral site anba a.
 - yon moun oswa yon biznis ki te ka lakoz aksidan oswa blesi a
 - yon konpayi asirans, ikonpri pwòp konpayi asirans ou
 - Oswa lòt sous, tankou asirans kont aksidan nan travay

Pou plis enfòmasyon konsènan rekiperasyon akòz aksidan, gade règleman MassHealth yo nan 130 CMR 517.000 ak Chapit 118E nan lwa jeneral Massachusetts yo.

Tretman dijans andeyò eta kote w ap viv la

MassHealth se yon pwogram swen medikal pou moun k ap viv nan Massachusetts ki resevwa swen medikal nan Massachusetts. Nan kèk sitiyasyon, MassHealth ka peye pou tretman dijans pou yon pwoblèm medikal lè yon manm MassHealth andeyò eta kote l ap viv la*. Gen aplikasyon règ spesyal. Si gen yon ijans ki rive pandan w andeyò eta a,

montre kat MassHealth ou a ansanm ak tout lòt kat asirans medikal ou genyen, si sa posib. Epitou, asire w rele nou nan (800) 841-2900, TDD/TTY: 711 nan yon delè 24 è apre tretman dijans lan, oswa osito w kapab.

* Daprè règleman MassHealth 130 CMR 450.109(B), MassHealth pa kouvri ankenn sèvis medikal ou resevwa andeyò Etazini ak tètita l yo.

Kat MassHealth la

Si w elijib pou MassHealth Standard, MassHealth Family Assistance, oswa MassHealth Limited, w ap alò resevwa yon kat MassHealth. Ou dwe montre doktè w oswa lòt founisè swen medikal kat MassHealth ou a chak fwa ou resevwa swen medikal. Si w gen lòt asirans medikal, asire ou montre tout kat yo. Sa ki detèminen nan revni ba pou kesyon Health Safety Net (HSN) pa resevwa yon kat. Si w elijib pou sèvis HSN, lopital yo ak sant sante nan kominote a pral tyeke pou detèmine si yo ka jwenn ranbousman pou sèvis yo te ba w ansanm ak konjwen w.

Enprime oubyen wè kat ou a

Konekte nan MyServices e navige nan bouk "My Benefits" la. La, w ap jwenn yon lyen elektwonik pou w wè, rale, e enprime kat ou a.

Lòt jan pou w wè kat didantite (ID) MassHealth ou a gendwa se sa ki make la.

- Gade lèt MassHealth voye
- Telefonnen MassHealth Customer Service Center (Sèvis Kliyan MassHealth) nan (800) 841-2900, TDD/TTY: 711

Desizyon nou an e dwa ou gen pou fè apèl

N ap kontakte w si n bezwen plis enfòmasyon pou n pran yon desizyon. N ap voye ba ou yon lèt alekri ki konsène admisibilite w, jeneralman sou 45 jou apre dat kote n te resevwa aplikasyon w ou ranpli e siyen.

- Si w elijib, lèt la ap endike dat kouvèti ou a ap an vigè. Gade nan **Seksyon 6** pou enfòmasyon sou sèvis e benefis ki disponib nan chak tip kouvèti.
- Si w gen yon franchiz, lèt la ap di w kòman nou detèmine montan dediktib la e sa w gen pou w fè pou w satisfè franchiz la.
- Si w gen pou w peye yon montan pasyan an peye (patient-paid amount, PPA) bay etablisman swen alontèm lan, lèt la ap kite w konnen montan an e kòman nou detèmine PPA a.

- Si w pa elijib, lèt la ap kite w konnen rezon an e dwa ou genyen pou w fè yon demann apèl sou desizyon nou an. Gade nan Seksyon 7.

Enfòmasyon sou kotpa ak prim spesyal pou endyen ameriken ak natifnatal Alaska

Endyen ameriken ak natifnatal Alaska ki te resevwa oswa ki elijib pou resevwa yon sèvis nan men yon founisè swen medikal endyen oswa yon founisè swen medikal ki pa endyen atravè rekòmandasyon yon founisè swen medikal endyen te fè pa bezwen peye kotpa ak prim antanke manm MassHealth.

Kòman nou itilize nimewo sekirite sosyal ou

Amwenske youn nan eksepsyon ki nan paj 10 lan, aplikab, ou dwe ban nou yon nimewo sekirite sosyal (SSN) oswa prèv ou te aplike pou youn pou chak moun nan kòkay ou a k ap aplike. MassHealth ka mande w pou ban nou SSN lan, si w ka jwenn li, pou tout moun ki pap aplike ki gen oswa ki ka jwenn asirans medikal ki kouvri w oswa ki kouvri nenpòt moun nan kòkay ou a. MassHealth gen dwa mande nimewo SSN dapre Lwa refòm fiscal 1976 ki te modifiye Seksyon 205(c)(2) Lwa sou sekirite sosyal ak an vèti 130 CMR 503.003.

Nou itilize SSN yo pou nou tyeke enfòmasyon ou ban nou. Nou itilize yo tou pou detekte fwòd, pou wè si gen moun k ap resevwa benefis doub, oswa pou wè si gen lòt moun (yon “tyès pati”) ki ta dwe peye pou sèvis yo.

Nou matche SSN nenpòt moun nan fanmi w k ap aplike epi nenpòt moun ki gen oswa ki ka jwenn asirans medikal pou moun sa yo avèk dosye kèk ajans, sa gen ladan ajans ki pral site annapre la.

- Sèvis fiskal (IRS)
- Administrasyon sekirite sosyal (SSA)
- Depatman sekirite nasyonal Etazini Damerik (DHS)
- Sant pou sèvis Medicare ak Medicaid
- Rejis veyikil amotè (RMV)
- Depatman revni (DOR)
- Department of transitional assistance (DTA)
- Depatman aksidan nan travay
- Divizyon asistans nan chomaj (DUA)
- Depatman sèvis pou veteran, Divizyon resous imen

- Biwo investigasyon espesyal
- Depatman sèvis sosyal, biwo eta sivil
- Bank
- Lòt etablisman finansye

Si MassHealth peye yon pati nan prim asirans sante w, MassHealth ka ajoute SSN ou a oswa SSN moun nan kòkay ou a ki gen asirans lan sou non l, nan dosye founisè biwo kontwolè Commonwealth la. Oumenm oswa moun nan kòkay ou a ki gen asirans lan sou non l lan dwe gen yon SSN ki valid anvan w ka resevwa yon pèman nan men MassHealth.

Yo ka konpare dosye yo tou avèk ajans sèvis sosyal nan eta sa a ak nan lòt eta, ansanm ak dosye elektwonik, konpayi asirans, anplwayè ak òganizasyon swen entegre. MassHealth gendwa jwenn tou dosye finansye ou a (e, si posib, sa moun nan kòkay ou a) nan men bank e nan lòt etablisman finansye pou l verifye resous finansye ou yo e otreman detèmine elijiblite w pandan w yon manm MassHealth.

Rekiperasyon sou siksesyon kèk manm lè yo fin mouri

Daprè lwa federal ak leta, MassHealth gen dwa pou rekipere lajan sou byen ki nan siksesyon kèk manm MassHealth lè yo fin mouri, sòf si gen eksepsyon ki aplikab.

Rekouvremant siksesyon valab pou manm MassHealth ki annapre la.

- Manm ki gen 55 an oswa plis e ki resevwa sèvis e soutyen alontèm (LTSS).
- Manm nan kèlkeswa laj ki an pèmanans nan yon etablisman swen alontèm oswa lòt etablisman medikal.

Pou manm MassHealth ki gen 55 an oswa plis ki resevwa sèvis e soutyen alontèm (LTSS), MassHealth gen tout dwa pou l ranbouse pou frè swen li peye pou LTSS. Pou manm nan kèlkeswa laj ki an pèmanans nan yon etablisman swen alontèm oswa lòt etablisman medikal, MassHealth gen tout dwa pou l ranbouse pou montan total swen li peye pandan peryòd nan etablisman an.

Zafè rekiperasyon sou byen yo gendwa aplikab pou manm MassHealth yo kit yo enskri kit yo pa enskri nan yon plan sante. Peman MassHealth ki kalifye pou rekiperasyon sou byen imobilye enkli peman ke

MassHealth bay founisè swen sante yo dirèkteman pou swen yon manm. Pou manm ki enskri nan yon plan sante, tankou yon managed care organization, accountable care organization, oswa yon SCO, PACE, oswa plan One Care, rekiperasyon sou byen yo gendwa enkli tou ranbousman ki fèt pou kantite lajan total MassHealth te bay plan asirans lan sou fòm peman mansyèl pou prim.

MassHealth kapab rekipere sèlman byen legal ki nan siksesyon yon manm. Byen sa yo gendwa enkli byen imobilye tankou yon kay, yon biznis oswa yon pwopriete ki rapòte lajan epitou lajan nan kontanbank. MassHealth pa pral chèche ranbousman lè yon manm kite kòm siksesyon yon byen legal ki vo \$25,000 oswa mwens an byen. Gen plizyè fason moun oswa fanmi ka retade rekiperasyon byen imobilye yo oswa jwenn yon egzansyon pou yon pòsyon oswa tout kantite lajan an sizanka yo ta gen gwo pwoblèm:

- Yo kapab retade rekiperasyon an si manm lan mouri kite yon konjwen kap viv, yon timoun adilt ki avèg, ki gen yon andikap total e pèmanan oswa yon timoun ki poko gen 21an.
- Si rekiperasyon byen imobilye a ta lakòz kèk pwoblèm depase, MassHealth gendwa derefize tout oswa yon pòsyon nan lajan ki rekipere a.

Pou manm yo ki gen 55 an oswa plis ki te elijib ni pou MassHealth ni pou Medicare, MassHealth pa pral rekipere benefis nan depans pataje Medicare yo (prim, dediktib ak kopta) ki te peye nan dat 1ye janvyè 2010 oswa aprè dat sa a.

Anplis de sa, si manm lan, nan dat yo admèt li nan etablisman swen alontèm lan, te gen kèk asirans* pou swen alontèm epi li te satisfè lòt egzijans pou li kalifye pou eksepsyon sa a dapre règleman yo, li ka posib pou siksesyon li an pa bezwen repeye MassHealth pou sèvis nan etablisman swen enfimye(è) ak lòt sèvis pou swen alontèm.

* Asirans pou swen alontèm lan dwe satisfè règleman Divizyon Asirans lan dapre 211 CMR 65.09, ak regilasyon MassHealth yo nan 130 CMR 515.000. Manm lan sipoze tap viv tou nan yon etablisman swen alontèm epi li sipoze te di MassHealth ke li pat gen entansyon retounen lakay li.

Pou plis enfòmasyon sou rekiperasyon sou byen imobilye, gade nan regilasyon MassHealth yo nan 130 CMR 501.000 ak 515.000, Chapit 118E Lwa Jeneral Massachusetts, epi monte nan mass.gov/EstateRecovery.

Ranbousman rant

Commonwealth la dwe nonmen kòm benefisyè rezidyèl tout rant ki achte, konvèti nan rant, oubyen otreman chanje pa yon aplikan, yon manm oubyen yon konjwen MassHealth swa le oswa apre le 8 fevriye 2006, pou montan total asistans medikal la peye pou moun ki enstitisyonnalize a. Deziyasyon benefisyè sa a pa dwe retire.

Gade règleman MassHealth nan 130 CMR 520.000. pou w jwenn enfòmasyon siplemantè.

Anrejistre pou vote

Gid sa a genyen enfòmasyon konsènan anrejistreman elektè. Ou pa bezwen anrejistre pou vote pou ka jwenn benefis.

SEKSYON 8

Règ sou sitwayènte e imigrasyon

Lè n ap deside si w elijib pou benefis, nou gade tout kondisyon chak tip kouvèti ak pwogram. Nou pral eseye pwouve estati sitwayènte/resòtisan ameriken w ak estati imigrasyon w lè nou itilize sèvis done federal ak eta a pou nou deside si w ka resevwa yon sèten tip kouvèti.

Sitwayen/resòtisan ameriken

Sitwayen/resòtisan ameriken gendwa elijib pou asistans MassHealth Standard e Family Assistance. Yo ka elijib tou pou plan Health Connector oswa pou Health Safety Net.

Prèw sitwayènte ak idantite obligatwa pou tout sitwayen/resòtisan ameriken.

Yon sitwayen Etazini se

- yon moun ki te fèt Etazini oswa tèritwa l yo, ikonpri Pòtoriko, Zile Vyèj yo, Gwam, Zile Maryàn Dinò (CNMI), amwenske si paran moun nan se yon diplomat etranje epi li kalifye pou sitwayènte ameriken selon § 301 et seq. nan lwa sou imigrasyon ak nasyonalite a (Immigration and Nationality Act, INA);
- yon moun ki gen paran l ki se sitwayen ameriken oswa ki otreman kalifye pou sitwayènte an vèti §301 et seq. INA;
- yon sitwayen ki natiralize; oswa
- yon resòtisan (swa sitwayen ameriken oswa resòtisan ki pa sitwayen ameriken)
 - Resòtisan ki sitwayen: yon moun ki kalifye kòm sitwayen ameriken an vèti §301 et seq. INA a.
 - Ki pa sitwayen: yon moun ki te fèt nan youn nan tèritwa izole Etazini posede, tankou Samowa Ameriken ak zile Swain epi paran moun sa a se yon resòtisan ki pa sitwayen.

Moun ki pa sitwayen

Pou jwenn pi gwo nivo kouvèti MassHealth, oubyen pou gen yon plan Health Connector, nou dwe pwouve estati w nan imigrasyon. MassHealth e Health Connector pral matche enfòmasyon yon moun bay avèk ajans eta ak federal pou pwouve estati imigrasyon. Si sous elektwonik yo paka pwouve estati ou deklare a, w ap oblije bay dokimantasyon sipleman.

Moun ki pa sitwayen ameriken pa bezwen bay ankenn dokiman imigrasyon avèk aplikasyon an si y ap aplike sèlman pou pitit yo, men yo pa pou tèt li.

Imigran ki nan peyi a legalman

Moun ki pral site la yo se imigran ki nan peyi a legalman.

Etranje ki kalifye

Moun ki satisfè youn nan estati sa yo ka elijib pou MassHealth Standard oswa CommonHealth. Yo ka elijib tou pou benefis atravè Health Connector oswa Health Safety Net la.

Gen de gwoup etranje ki kalifye:

1. Moun ki kalifye kèlkanswa lè yo te rantre Etazini oswa depi konbyen tan yo te gen yon estati kòm moun ki kalifye. Moun sa yo se
 - moun yo te akòde azil selon seksyon 208 INA a,
 - refijye yo te admèt selon seksyon 207 INA a,
 - yo te kenbe depòtasyon yo selon seksyon 243(h) oswa 241(b)(3) INA a, jan sa mansyone nan seksyon 5562 lwa federal Balanced Budget Act ane 1997 la,
 - veteran, konjwen yo ak pitit yo:
 - fòs lame Etazini avèk liberasyon onorab ki pa gen rapò ak estati yo kòm etranje, oswa
 - veteran Filipino ki te konbat sou direksyon Etazini pandan Dezyèm Gè Mondyal la, oswa
 - veteran Hmong ak Highland Lao yo te admèt pou rezidans pèmanan legal (LPR) epi ki te konbat sou direksyon Etazini pandan lagè Vyetnam nan, oswa
 - ki gen estati etranje ki nan sèvis aktif nan fòs lame Etazini, apade antrènman pou sèvis aktif, oswa
 - konjwen, konjwen vèf/vèv ki pa remarye, oswa timoun depandan ki pa marye moun ki pa sitwayen an ki dekri nan kat pwen anwo a,
 - moun ki rantre sou kondisyon selon seksyon 203(a)(7) nan INA a ki anvigè anvan 1ye avril 1980,
 - moun ki te rantre kòm kibèn/ayisyen selon seksyon 501(e) nan lwa Refugee Education Assistance Act ane 1980 an,
 - Medicaid, Endyen Ameriken ki gen omwen 50% san endyen ameriken ki te fèt Kanada selon seksyon 289 nan INA a oswa lòt manm tribal ki te fèt nan teritwa ki andeyò Etazini an vèti 25 U.S.C. 450b(e),
 - Amerazyen jan sa dekri nan seksyon 402(a)(2)(A)(i)(V) nan lwa Personal Responsibility and Work Opportunity Reconciliation Act (PRWORA) ane 1996 la.
 - gwo trafik moun, konjwen, pitit, frè ak sè viktim lan an vèti lwa pou Victims of the Trafficking and Violence Protection Act ane 2000 lan (Lwa Piblik 106-386) jan sa modifiye,
 - migran spesyal ki soti Irak ki gen estati imigran espesyal an selon seksyon 101(a)(27) INA a, selon seksyon 1244 Lwa Piblik 110-181 oswa seksyon 525 lwa piblik 110-161, oswa
 - migran espesyal ki soti Afghan ki gen estati imigran espesyal selon seksyon 101(a)(27) INA a, selon seksyon 525 lwa piblik 110-161.
 - pou Medicaid, imigran ki soti nan Eta Federasyon Mikwonezi, Repiblik Zile Marshall, ak Repiblik Palau epi ki rezide legalman Ozetazini dapre yon seri trete ak Etazini yo ke yo rekonèt kòm Compacts Free Association (COFA).
 - Imigran COFA ki vin chanje estati yo pou rezidans pèmanan legal (LPR) ap genyen yon règ espesyal senk ane atant kap aplike. Moun nan ta dwe sijè a règ espesyal senk ane atant sèl si yo genyen oswa te genyen yon estati ki nan lis 130 CMR 518.003(A)(1)(a).
 - Migran COFA ki ajiste yo ak estati LPR apre chanjman lwa nan dat 27 Desanm 2020 ap kapab itilize dat yo te kòmanse rezide nan Etazini kòm yon imigran COFA oswa 27 Desanm 2020 toudepan sa ki vin apre a, kòm premye jou, yon jan pou yo satisfè règ atant senk lane a.
 - Migran COFA ki te ajiste estati yo a LPR anvan chanjman nan lwa nan dat 27 Desanm 2020 ta dwe gen peryòd atant senk lane a kòmanse nan dat yo te vin yon LPR.
2. Moun ki kalifye paske yo gen yon estati kalifye ki idantifye nan “A” anba a epi ki te satisfè youn nan kondisyon ki site nan B anba a. Moun sa yo se
 - A. moun ki genyen youn oswa plizyè nan estati sa yo:
 - moun yo admèt pou rezidans pèmanan legal (LPR) selon Immigration and Nationality Act (INA) a, oswa
 - moun yo bay pèmasyon pou rete nan peyi a pandan omwen yon lane selon seksyon 212(d)(5) INA a, oswa
 - konjwen ki viktim vyolans, timoun oswa timoun paran ki viktim vyolans oswa paran timoun ki viktim vyolans ki satisfè kritè seksyon 431(c) lwa Personal Responsibility and Work Opportunity Reconciliation Act (PRWORA) ane 1996 la 8 U.S.C. 1641, epitou

- B. moun ki satisfè omwen youn nan twa kondisyon ki pral site la a:
- te genyen yon estati ki site nan 2.A. anwo a pandan senk an oswa plis (yon etranje ki viktim abi ki rive nan estati sa a lè yo aksepte petisyon an pou etabli yon akizasyon ki aparamman fonde),
 - antre Etazini anvan 22 out 1996, kèlkeswa ki estati li te gen lè l antre a, e te kontinyèlman prezan Etazini jiskaske li vin gen estati ki site nan 2.A anwo a. Pou rezon sa, yon moun rekonèt pou l kontinyèlman prezan lè l te absan Etazini pou pa plis pase 30 jou konsekitif oubyen 90 jou ki pa konsekitif anvan l vin gen estati ki site nan 2.A anwo a, oswa
 - genyen oswa te genyen yon estati ki site nan nimewo 1 anwo a.

Etranje kalifye ki eskli

Moun ki te gen yon estati ki site nan kategori etranje ki kalifye nan 2.A. anwo a (rezidan pèmanan legal, moun yo bay pèmasyon pou yo rete nan peyi a pandan omwen yon lane, oswa viktim abi ki se etranje) epi ki pa satisfè youn nan kondisyon ki site nan 2.B. anwo a, yo se etranje ki kalifye ki eskli. Etranje ki kalifye ki eskli, tankou etranje ki kalifye, se imigran ki nan peyi a legalman. Sèten moun ki se etranje ki kalifye ki eskli ka elijib pou MassHealth Standard, Family Assistance, oswa Limited. Yo ka elijib tou pou benefis nan Health Connector e HSN.

Moun ki pa kalifye ki prezan legalman

Sèten moun ki se endividi ki pa kalifye ki nan peyi a legalman epi ki satisfè youn nan estati sa yo ka elijib pou MassHealth Standard, Family Assistance, oswa Limited. Yo ka elijib tou pou benefis nan Health Connector e HSN. Endividi ki pa kalifye ki nan peyi a legalman se moun sa yo.

- Yon moun ki nan yon estati non-imigran ki valid jan sa defini nan 8 U.S.C. 1101(a)(15) oswa jan sa defini nan lwa imigrasyon nan 8 U.S.C. 1101(a)(17).
- Moun kalifye men ki pa sitwayen jan sa defini nan 8 USC1641 (b) ak (c)
- Yon moun yo bay pèmasyon pou rete Ozetazini ann akò ak 8 U.S.C. 1182(d)(5) pou mwens pase yon lane eksepte yon endividi yo mete an libète sou siveyans pou jijman, pou enspeksyon difere, oswa k ap tann pwosedi depòtasyon.

- Yon moun ki fè pati youn nan klas sa yo.
 - Te resevwa estati rezidan tanporè ann akò ak 8 U.S.C. 1160 oswa 1255a, respektivman
 - Te resevwa estati pwoteje tanporè (Temporary Protected Status, TPS) ann akò ak 8 U.S.C. 1254a, ak moun k ap tann repons aplikasyon pou TPS ki te resevwa otorizasyon pou travay
 - Te resevwa otorizasyon pou travay selon 8 CFR 274a.12(c)
 - Family Unity ann akò ak seksyon 301 Lwa Piblik 101-649, jan sa modifeye
 - depòtasyon difere ann akò ak yon desizyon prezidan an te pran
 - Te resevwa estati aksyon difere, eksepte pou aplikan oswa moun yo te akòde estati selon pwosesis Depatman sekirite nasyonal Etazini Damerik (DHS) aksyon difere poutèt pou moun ki te vini lè yo te piti (DACA)
 - Te resevwa yon arè administratif pou depòtasyon selon 8 CFR pati 241
 - Benefisyè petisyon viza ki apwouve epi k ap tann repons aplikasyon pou ajisteman nan estati
- Yon moun ki te fè yon aplikasyon pou azil selon 8 U.S.C. 1158, oswa pou arè depòtasyon selon 8 U.S.C. 1231, oswa dapre Konvansyon kont Tòti (Convention Against Torture) ki
 - te resevwa otorizasyon pou travay, oswa
 - poko gen 14 an epi aplikasyon l lan annatant depi omwen 180 jou.
- Yon moun ki te resevwa yon arè depòtasyon selon Konvansyon kont tòti a.
- Yon timoun ki te ranpli yon aplikasyon pou estati imigran jivenil espesyal jan sa dekri nan 8 U.S.C. 1101(a)(27)(J).

Etranje ki kalifye ki eskli ak endividi ki pa kalifye ki legalman prezan nan peyi a se

Moun ki pa sitwayen ki kalifye e moun ki pa kalifyen men ki legalman prezan ki gen 65 an oswa pi gran gendwa elijib pou MassHealth Family Assistance, Limited, oswa HSN.

Moun ki pa kalifye dapre lwa PRUCOL ki nan peyi a (People Residing Under Color of Law, PRUCOL)

PRUCOL ki pa kalifye se kèk moun ki pa sitwayen ki pa ap viv nan peyi a legalman. Moun sa yo gendwa ap viv defason pèmanan Ozetazini sou kouvèti lalwa jan sa dekri nan 130 CMR 518.000. Sèten moun ki se endividi PRUCOL ki pa kalifye epi ki satisfè youn nan estati sa yo ka elijib pou MassHealth Family Assistance, oswa Limited. Yo ka elijib tou pou benefis atravè HSN.

- Etranje k ap viv Ozetazini ann akò avèk yon arè depòtasyon endefini
- Etranje k ap viv Ozetazini ann akò avèk yon depa volontè endefini
- Etranje ansanm ak fanmi yo ki kouvri akòz petisyon yon manm fanmi imedyà yo apwouve, ki gen dwa pou depa volontè, epi DHS pa konte aplike lwa pou fè moun nan kite peyi a
- Etranje ki nan depa volontè daprè DHS oswa yon jij imigrasyon e kote DHS pa gen lentansyon aplike depòtasyon pou li
- Etranje k ap viv sou lòd sipèvizyon ki pa gen otorizasyon pou travay selon 8 CFR 274a.12(c)
- Etranje ki te rantre epi ki te viv kontinyèlman Ozetazini depi 1ye janvye 1972
- Etranje yo ki te akòde sispansyon depòtasyon epi kote DHS pa gen entansyon aplike pwosedi depòtasyon

- Etranje ki gen yon aplikasyon pou azil ki annatant selon 8 U.S.C. 1158 oswa retansyon depòtasyon selon 8 U.S.C. 1231 oswa selon Konvansyon kont Tòti ki te resevwa otorizasyon pou travay, oswa ki poko gen 14 an epi ki gen yon aplikasyon annatant pandan omwen 180 jou
- Moun ki pa sitwayen ki gen estati DACA oswa yon aplikasyon annatant pou estati sa a
- Etranje ki te ranpli yon aplikasyon, petisyon oswa demann pou yo gen yon estati ki pèmèt yo rete nan peyi a legalman epi yo te aksepte aplikasyon an te ranpli kòm sadwa men ki poko resevwa otorizasyon pou travay epi DHS pa konte aplike lwa pou fè moun nan kite peyi a
- Tout lòt moun ki pa sitwayen k ap viv Etazini Damerik ki gen konesans e konsantman DHS, e kote DHS pa gen lentansyon oblije depa moun sa a. (Sa gen ladan moun ki gen depa volontè pwolonje poutèt kondisyon nan peyi natifnatal yo jan sekretè eta a detèmine sa.)

PRUCOL ki pa kalifye

PRUCOL ki pa kalifye ki gen 65 an oswa pi gran ka elijib pou MassHealth Family Assistance, Limited, oswa HSN.

Lòt moun ki pa sitwayen

Si estati imigrasyon w pa dekri anwo a, yo konsidere w kòm yon lòt moun ki pa sitwayen. Ou ka elijib pou MassHealth Limited oswa HSN.

NOTE: Moun ki t ap resevwa MassHealth, ki te konn rele Medical Assistance, oswa CommonHealth le 30 jen 1997, kapab kontinye jwenn benefis kèlkanswa estati imigrasyon l si li elijib.

Elijiblite imigran pou resevwa benefis ki soutni pa lajan kontribyab yo defini nan Ak federal 1996 la sou Responsablite Pèsonèl ak Rekonsilyasyon Opòtinite Travay (Personal Responsibility and Work Opportunity Reconciliation Act of 1996), Ak federal 1997 la sou Bidjè Balanse (Balanced Budget Act of 1997), ak plizyè lòt lwa leta ki te pase. Pou plis detay, gade règleman MassHealth an nan at 130 CMR 518.000.

Kondisyon sou estati nan sitwayènte ameriken e resòtisan ameriken pou MassHealth ak plan Health Connector Kondisyon sou idantite pou HSN lan

Prèw pou toude idantite e estati sitwayènte/resòtisan ameriken*

* Eksepte: Moun aje ak moun ki andikape k ap resewva oswa ki ka resewva Medicare oswa Revni Sekirite Sipleman, oswa moun ki andikape k ap resewva Asirans Envalidite nan Sekirite Sosyal PA bezwen bay prèw estati sitwayènte/resòtisan ameriken yo oswa idantite yo. Yon timoun ki fèt epi manman li ap resewva MassHealth nan dat timoun lan fèt la pa bezwen bay prèw estati sitwayènte/resòtisan ameriken ak idantite.

Bagay ki site anba yo se fòm prèw ki akseptab NI pou estati sitwayènte/resòtisan ameriken NI pou idantite (okenn lòt dokiman nesèsè).

- Paspò ameriken, ikonpri yon kat Paspò ameriken Depatman Deta a bay, kèlkeswa dat ekspirasyon an depi yo te bay paspò sa a oswa kat sa a san limit, oswa
- Yon Sètifika natiralizasyon ameriken, oswa
- Yon Sètifika sitwayènte ameriken, oswa
- Dokiman yon tribi endyen gouvènman federal la rekonèt emèt, jan sa pibliye nan rejis federal Bureau of Indian Affairs (biwo pou zafè endyen) nan Ministè enteryè ameriken (US Department of the Interior), ki idantifye tribi endyen gouvènman federal la rekonèt ki emèt dokiman an; idantifye moun lan ak non li; e konfime apatenans, enskripsyon, oswa afilyasyon moun lan nan tribi a. Gen nan dokiman sa yo, men se pa sa sèlman, yon katon enskripsyon nan tribi a, yon sètifika sou degre san endyen, yon dokiman resansman tribi, e dokiman ki gen antèt tribi a ki emèt ak siyati responsab apwopriye tribi a ki satisfè règleman 130 CMR 518.000.

Prèw estati sitwayènte/resòtisan ameriken sèlman

Si yon moun pa bay youn nan dokiman ki pwouve ni kondisyon sitwayènte ni idantite, yo ka akseptè dokiman ki pral site la yo kòm prèw estati sitwayènte/resòtisan ameriken sèlman.

- Yon ak nesans ki nan rejis piblik Ozetazini (ikonpri 50 eta yo, Distri Kolonbi, Pòtoriko (le 13 janvyè 1941 oswa aprè sa), Gwam, Zile Vyèj Ameriken (le 17 janvyè 1917 oswa aprè sa), Samowa Ameriken,

Zile Swain, oswa CNMI (aprè 4 novanm 1986)).

Dosye nesans lan ka soti nan men eta a, teritwa a oswa jirisdiksyon lokal la. Moun nan ka natiralize kolektivman selon règleman federal yo.

- Konparezon avèk rejis eta sivil nan Massachusetts ki dokimante yon dosye nesans.
- Sètifikasyon yon rapò nesans yo bay sitwayen ameriken ki te fèt andeyò Etazini.
- Yon rapò nesans aletranje pou yon sitwayen ameriken.
- Yon sètifika nesans.
- Yon kat didantite (ID) sitwayen ameriken
- Yon kat didantite Zile Maryàn ki te emèt bay sitwayen natiralize kolektivman ki te fèt nan CNMI anvan 4 novanm 1986.
- Dekrè adopsyon final ki montre non yon timoun ak kote li te fèt Ozetazini (oswa, si adopsyon an poko finalize, se pou bay yon deklarasyon ki sot nan ajans adopsyon ki montre non timoun nan ak kote li te fèt Ozetazini).
- Prèw travay nan sèvis sivil Ozetazini anvan 1^{ye} jen 1976.
- Dosye militè ofisyèl ki montre yon lye nesans Ozetazini.
- Konparezon done avèk pwogram SAVE oswa nenpòt lòt pwosesis DHS la etabli pou pwouve yon moun se yon sitwayen.
- Ki montre yon timoun satisfè kondisyon seksyon 101 lwa sitwayènte timoun ane 2000 la (8 U.S.C. 1431).
- Dosye medikal, ikonpri, men se pa sa sèlman, dosye lopital, klinik oswa doktè, oswa papye admisyon nan yon etablisman swen, etablisman ki gen enfimyè konpetan, oswa lòt enstitisyon ki endike yon lye nesans Etazini.
- Asirans vi, asirans sante oswa lòt asirans ki endike yon lye nesans Etazini.
- Dosye relijye ofisyèl ki anrejistre Ozetazini ki montre yon nesans te rive Ozetazini.
- Dosye lekòl, ikonpri lekòl matènèl, Head Start, ak gadri, ki montre non timoun nan ak kote li fèt Ozetazini.
- Resansman federal oswa eta a ki montre sitwayènte ameriken oswa yon lye nesans Etazini.

Si yon moun pa genyen youn nan dokiman sa yo ki site nan 130 CMR 518.000, li ka soumèt youn

deklarasyon sou sèman yon lòt moun siyen, sou pèn fo temwayaj, ki ka rezonabman ateste sitwayènne moun nan, epi ki genyen non, dat nesans ak lye nesans Etazini. Deklarasyon sou sèman an pa bezwen notarye.

Plis prèv idantite sèlman

1. Yo aksepte dokiman ki pral site la yo kòm prèv akseptab pou idantite, depi dokimantasyon sa a genyen yon foto oswa lòt enfòmasyon ki idantifye moun nan, ikonpri, men se pa sa sèlman, non, laj, sèks, ras, wotè, gwosè, koulè zye e adrès.
 - Dokiman idantite ki site nan 8 CFR 274a.2(b)(1)(v)(B)(1), eksepte yon pèmi kondui yon otorite gouvènman Kanadyen an bay
 - Yon pèmi kondui yon eta oswa tèritwa bay
 - Yon kat didantite lekòl
 - Yon kat militè Etazini oswa dosye sèvis militè
 - Yon kat didantite yon gouvènman federal, eta oswa lokal bay
 - Yon kat didantite depandan militè
 - Yon kat Lamarin Machan Gad Kòt Etazini
2. Pou timoun ki poko gen 19 an, yon dosye klinik, doktè, lopital oswa lekòl, ikonpri dosye lekòl matènèl oswa gadri.
3. De dokiman ki genyen enfòmasyon konsistan ki konfime idantite yon aplikan. Dokiman sa yo enkli, men se pa sa sèlman, sa ki annapre la.
 - Kat didantite anplwayè
 - Lekòl segondè oubyen kolèj (ikonpri diplòm ekivalans lekòl segondè)
 - Sètifika maryaj
 - Dekrè divòs
 - Tit pwopriyete
 - Souchèk travay ki gen non aplikan ak adrès li, ki date 60 jou apati dat aplikasyon an
 - Prèv resansman ki genyen non ak adrès aplikan an ki date pa plis pase 12 mwa anvan dat aplikasyon an
 - Deklarasyon pansyon oswa retrèt ki sot nan men yon ansyen anplwayè oswa yon fon pansyon ki gen non ak adrès aplikan an, ki date nan yon espas 12 mwa de aplikasyon an
 - Fakti ekolaj oswa prè pou etidyan ki genyen non ak adrès aplikan an, ki date pa plis pase 12 mwa anvan dat aplikasyon an
 - Fakti sèvis piblik, telefòn selilè, kat kredi, fakti doktè oswa lopital ki gen non ak adrès aplikan an, ki date pa plis pase 60 jou anvan dat aplikasyon an
 - Polis asirans pou pwopriyete, pou lokatè ak pou machin ki gen adrès aplikan an sou li, ki date pa plis pase 12 mwa anvan dat aplikasyon an, oswa yon fakti pou asirans sa a ki genyen adrès aplikan an sou li ki date pa plis pase 60 jou anvan dat aplikasyon an
 - Papyè lwaye ki date pa plis pase 12 mwa anvan dat aplikasyon an, oswa ipotèk kay ki idantifye aplikan an ak adrès li
 - Fòm W-2 oswa lòt dokiman ki pwouve w ap travay ki montre non ak adrès aplikan an anplwayè a soumèt bay yon ajans gouvènman an ki montre yon moun ap travay
4. Yon dekouvèt idantite ki sot nan yon ajans federal oswa leta, ikonpri men se pa sa sèlman, asistans piblik, lapolis, depatman fiskal, biwo taks oswa ajans koreksyon, si ajans lan te pwouve epi sètifye idantite moun
5. Yon dekouvèt idantite ki sot nan yon ajans Express Lane, jan sa defini nan seksyon 1902(e)(13)(F) lwa sekirite sosyal la

Si aplikan an pa genyen ankenn nan dokiman ki presize nan pwen 1, 2, oswa 3 ki site anwo a, epi li paka pwouve idantite ak pwen 4 oswa 5 ki site anwo a, aplikan an ka soumèt yon deklarasyon sou sèman yon lòt moun siyen, sou pèn fo temwayaj, ki ka rezonabman ateste idantite aplikan an. Deklarasyon sou sèman sa a dwe genyen non aplikan an ak lòt enfòmasyon, jan sa dekri nan premye pwen prensipal la ki anwo a. Deklarasyon sou sèman sa a pa bezwen notarye.

SEKSYON 9

MyServices

MyServices se yon zouti sou entènèt pou tout manm MassHealth yo ki fasil pou itilize.

Nan MyServices, ou ka fè sa ki make annapre a.

- Wè si w kalifye pou MassHealth; Massachusetts Health Connector; oubyen lajan kach oubyen èd pou achte nouriti.
- Li enfòmasyon sou enskripsyon w lan, tèlke non plan ou an e dat plan an kòmanse.
- Resevwa avètisman sou aktivite enpòtan e sou ki mezi ou dwe pran.
- Wè anliy sèten avi MassHealth voye e enfòmasyon sou enskripsyon pou vote.
- Wè e enprime yon kopi katon idantite (ID) MassHealth ou a.

MyServices disponib nan sis lang: pòtigè brezilyen, anglè, kreyòl ayisyen, chinwa senplifye, espayòl, e vyetnamyen.

Konekte nan MyServices

Si w bezwen èd pou w konekte nan MyServices, se pou w monte nan mass.gov/info-details/how-myservices-works.

SEKSYON 10

Ki kote pou jwenn èd

Sant sèvis kliyan MassHealth

(800) 841-2900. TDD/TTY: 711.

Sijè

- Kòman pou jwenn yon aplikasyon pou moun aje
- Kòman pou jwenn yon sipleman swen alontèm oswa yon sipleman PCA
- Ki kote pou voye aplikasyon pou moun aje a
- Enfòmasyon sou elijiblite jeneral
- Sèvis medikal ki kouvri
- Kòman pou jwenn sèvis entèprèt
- Kòman pou jwenn prèv ki akseptab
- Prim MassHealth
- Kòman pou jwenn yon founisè MassHealth
- Sèvis dijans - andeyò Massachusetts
- Kesyon sou pwosede pou enskri pou vote e èd pou ranpli fòm enskripsyon pou vote a
- Ki kote pou fè rapò sou chanjman

Pou fè rapò sou chanjman, telefonnen nan nimewo telefòn sèvis kliyan ki make anwo a, oswa

Voye pa lapòs enfòmasyon ki chanje a bay

Health Insurance Processing Center

PO Box 4405

Taunton, MA 02780

Faks chanjman nan enfòmasyon yo bay

(857) 323-8300

Sijè

Executive Office of Elder Affairs (EOEA)

(800) AGE-INFO

[(800) 243-4636, TTY: (877) 610-0241]

Sijè

- Elder Affairs Prescription Advantage Program (*Pwogram avantaj pou medikaman sou preskripsyon pou moun aje - se pou moun ki pa gen benefis preskripsyon medikaman nan MassHealth oswa Medicare, ki swa poko gen 65 an ak andikap oswa gen 65 an oswa plis, e ki vle enfòmasyon sou èd nan frè preskripsyon medikaman*)

MassHealth Enrollment Center

(800) 841-2900, TDD/TTY: 711. Sèvis lib la disponib 24 è sou 24 e 7 jou sou 7.

Sijè

- Enfòmasyon sou elijiblite manm yo
- Kòman pou jwenn fòm MassHealth
- Lèt sou elijiblite ou a
- Kòman pou mande pou yon odyans san patipri pou fè apèl desizyon MassHealth
- Kòman pou satisfè franchiz ou a
- Montan pasyan peye (patient-paid amount, PPA) pou swen alontèm
- Kòman pou ranplase kat MassHealth la
- Enfòmasyon pou trete ka a
- Egzanp tip prèv ki akseptab

Pwogram spesyal MassHealth

(800) 408-1253, TTY: (800) 231-5698

- Kaileigh Mulligan Program - swen lakay pou timoun ki gen andikap
- Pwogram tout kalite swen pou moun aje (Program of All-Inclusive Care for the Elderly, PACE)
(800) AGE-INFO, TTY: MassRelay 711
- Pwogram moun aje ki frajil
(800) 841-2900, TTY (800) 497-4648
- Chòk serebral
- Moun majè ki gen yon andikap entelektyèl
(866) 281-5602, TTY: (800) 596-1746
- Lyezon serebral
(855) 499-5109, TTY: (800) 596-1746
- Plan ale devan (Moving Forward)

Responsablite tyès pati

(800) 754-1864

Sijè

- Rekouvreman privilèj imobilye
- Rekouvreman aksidan
- Rekiperasyon siksesyon

Board of Hearings

(617) 847-1200 oswa (800) 655-0338
faks: (617) 887-8797.

100 Hancock St., 6th Floor
Quincy, MA 02171

Sijè

- MassHealth appeals—fair hearings

MassHealth Disability Accommodation Ombudsman

(617) 847-3468, TTY: (617) 847-3788

100 Hancock Street, 1st floor

Quincy, MA 02171

ADAaccommodations@state.ma.us

Sijè

- Pou aplikan e pou manm ki gen andikap e ki bezwen kèk amenajman

Administrasyon sekirite sosyal (SSA)

(800) 772-1213 | www.ssa.gov

Sijè

- Elijib pou enskripsyon sekirite sosyal nan Medicare Part A e Part B
- Benefis sekirite sosyal
- Benefis Supplemental Security Income (SSI)
- Aplike pou yon SSN

Kouvèti Medicare pou medikaman preskripsyon

(800) MEDICARE

[(800) 633-4227, TTY: (877) 486-2048]

www.medicare.gov

Senior Care Options (Chwa swen pou moun aje)

(888) 885-0484, TTY: (888) 821-5225

Massachusetts Health Connector

(877) MA-ENROLL

[(877) 623-6765, TTY: (877) 623-7773]

www.MAhealthconnector.org

Sijè

- Rapòte chanjman yo
- enfòmasyon konsènan enskripsyon nan plan medikal, prim, kotpa, e lòt enfòmasyon sou pwogram, ak enfòmasyon sou kòman pou fè yon apèl
- Elijiblite manm Health Connector a
- Enfòmasyon sou fason pou verifye karakteristik elijiblite nan Health Connector ak egzanp sou fòmilè ki akseptab kòm prèv
- Enfòmasyon sou faktirasyon pou prim Health Connector ak estati yon peman

Pou rapòte fwòd manm oswa founisè

(877) 437-2830, (877) 4-FRAUD-0

Biwo sèvis kliyan Health Safety Net

(877) 910-2100

Sijè

- Health Safety Net

Plent avèk HSN

Health Safety Net Office

Attn: HSN Grievances

100 Hancock St., 6th Floor

Quincy, MA 02171

Sèvis jiridik

Ou ka jwenn sèvis jiridik gratis epi abapri nan mass.gov/info-details/finding-legal-help.

INFORMAÇÕES IMPORTANTES SOBRE O REGISTRO DE ELEITOR



Prezado requerente ou membro:

A National Voter Registration Act (Lei nacional de registro como eleitor) de 1993 determina que o MassHealth lhe dê a oportunidade de se registrar como eleitor. Sua decisão de se registrar como eleitor não afeta sua qualificação para os benefícios.

Se este livreto conter o formulário para requerer o MassHealth, um formulário para se inscrever como eleitor, a ser enviado pelo correio, estará incluído no meio deste livreto. Se você desejar que lhe seja enviado um formulário de registro de eleitor pelo correio, ligue para Serviço de atendimento ao cliente do MassHealth no número 1-800-841-2900, TDD/TTY: 711.

Assim que obtiver o formulário, preencha-o e envie-o para a prefeitura de sua cidade. Se tiver alguma dúvida sobre o processo de registro de eleitor, ou se precisar de ajuda para preencher o formulário, ligue para um dos números de telefone listados acima, ou vá até seu escritório local do MassHealth. Os endereços dos escritórios do MassHealth encontram-se no website www.mass.gov/masshealth.

Lembre-se: você só será registrado como eleitor após ter enviado o formulário de registro de eleitor preenchido para a prefeitura de sua cidade. O departamento eleitoral local o informará por escrito quando seu registro de eleitor for processado. Se não receber a notificação por escrito dentro de prazo razoável, entre em contato com o departamento eleitoral da prefeitura de sua cidade para mais informações.

NÍVEIS FEDERAIS DE POBREZA (MENSAIS)

Tamanho da família	100%	133%	150%	200%	250%	300%	400%
1	\$1,330	\$1,769	\$1,995	\$2,660	\$3,325	\$3,990	\$5,320
2	\$1,804	\$2,399	\$2,705	\$3,607	\$4,509	\$5,410	\$7,214
3	\$2,277	\$3,028	\$3,415	\$4,554	\$5,692	\$6,830	\$9,107
4	\$2,750	\$3,658	\$4,125	\$5,500	\$6,875	\$8,250	\$11,000
5	\$3,224	\$4,288	\$4,835	\$6,447	\$8,059	\$9,670	\$12,894
6	\$3,697	\$4,917	\$5,545	\$7,394	\$9,242	\$11,090	\$14,787
7	\$4,170	\$5,547	\$6,255	\$8,340	\$10,425	\$12,510	\$16,680
8	\$4,644	\$6,176	\$6,965	\$9,287	\$11,609	\$13,930	\$18,574
Pessoas adicionais	\$474	\$630	\$710	\$947	\$1,184	\$1,420	\$1,894

O MassHealth atualiza os níveis federais de pobreza todo ano com base nas alterações feitas pelo governo federal. Os níveis de renda acima refletem os padrões de 1º de março de 2026. Esses são valores estimados e podem ser diferentes dos números usados na determinação do programa. Consulte nosso site mass.gov/service-details/eligibility-figures-tables-for-masshealth-applicants-and-members para obter a tabela mais recente.

**This information is important.
It should be translated right away.
We can translate it for you free of charge.
Call us at (800) 841-2900. TDD/TTY: 711.**

**This information is available in
alternative formats such as braille
and large print.
To get a copy, please call us at
(800) 841-2900. TDD/TTY: 711.**

Esta información es importante y debe ser traducida inmediatamente. Podemos traducirla para usted gratuitamente. Llámenos al (800) 841-2900 o por TDD/TTY: 711. (Spanish)

Cette information est importante. Prière de la traduire immédiatement. Nous pouvons vous la traduire gratuitement. Appelez-nous au (800) 841-2900. TDD/TTY: 711. (French)

Esta informação é importante. Deverá ser traduzida imediatamente. Nós podemos traduzi-la para você gratuitamente. Entre em contato conosco no (800) 841-2900. TDD/TTY: 711. (Brazilian Portuguese)

Questa informazione è importante. Si pregha di tradurla immediatamente. Possiamo tradurla per voi gratuitamente. Chiammate all (800) 841-2900. TDD/TTY: 711. (Italian)

此處的資訊十分重要，應立即翻譯。我們可以免費為您翻譯。請撥打電話號碼 (800) 841-2900 (TDD/TTY: 711)，與我們聯繫。(Chinese)

이 정보는 중요합니다. 이는 즉시 번역해야 합니다. 저희는 귀하를 위해 이를 무료로 번역해드릴 수 있습니다. 일반 전화인 경우 (800) 841-2900로, TDD/TTY 전화인 경우 711로 연락해 주십시오. (Korean)

Enfòmasyon sa enpòtan. Yo fèt pou tradwi li tou swit. Nou kapab tradwi li pou ou gratis. Rele nou nan (800) 841-2900. TDD/TTY: 711. (Haitian Creole)

Αυτή η πληροφορία είναι σημαντική και πρέπει να μεταφραστεί άμεσα. Μπορούμε να τη μεταφράσουμε για εσάς δωρεάν. Καλέστε μας στον αριθμό (800) 841-2900. TDD/TTY: 711. (Greek)

Những tin tức này thật quan trọng. Tin tức này cần phải thông dịch liền. Chúng tôi có thể thông dịch cho quý vị miễn phí. Xin gọi cho chúng tôi tại số (800) 841-2900. TDD/TTY: 711. (Vietnamese)

To jest ważna informacja. Powinna zostać niezwłocznie przetłumaczona. My tłumaczymy dla Państwa bezpłatnie. Prosimy do nas zadzwonić pod nr (800) 841-2900. TDD/TTY: 711. (Polish)

Эта информация очень важна. Ее нужно перевести немедленно. Мы можем перевести ее для вас бесплатно. Позвоните нам по телефону (800) 841-2900. TDD/TTY: 711. (Russian)

यह जानकारी महत्वपूर्ण है। इसका अनुवाद भलीभांति किया जाना चाहिए। हम आपके लिए इसका अनुवाद नशिल्क कर सकते हैं। हमें (800) 841-2900। TDD/TTY: 711 पर कॉल करें। (Hindi)

هذه المعلومات هامة. يجب ترجمتها فوراً. يمكننا ترجمتها لك مجاناً. اتصل بنا على الرقم (800) 841-2900. TDD/TTY: 711. (Arabic)

આ માહિતી મહત્વની છે. તેનું તરત જ અનુવાદ થવું જોઈએ. અમે વાની મૂલ્યે તમારા માટે તેમ કરી શકીએ છીએ. અમને (800) 841-2900. TDD/TTY: 711 પર કોલ કરો. (Gujarati)

នេះគឺជាព័ត៌មានសំខាន់ៗ វាគួរតែបកប្រែឱ្យបានភ្លាមៗ។ យើងអាចបកប្រែវាសំរាប់អ្នកដោយឥតគិតថ្លៃឡើយ។ សូមទូរស័ព្ទមកយើង តាមលេខ (800) 841-2900។ TDD/TTY: 711។ (Khmer)

ຂໍ້ມູນນີ້ສຳຄັນ. ມັນມີຄວາມຈຳເປັນຕ້ອງແປເລີຍ. ພວກເຮົາສາມາດຊ່ວຍແປໃຫ້ທ່ານໂດຍບໍ່ເສຍຄ່າ. ໂທຫາພວກເຮົາໄດ້ທີ່ (800) 841-2900. TDD/TTY: 711. (Lao)

Kel informasão li é inportanti. El debe ser traduzidu lógu. Nu pode traduzi-l pa nhos sin kobra nada. Nhos txuma-nu pa (800) 841 2900. TDD/TTY: 711. (Cape Verdean Creole)

